Бадзэуэгъуэм и 28-р НэщIикIыж хьиц махуэ лъапIэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАУЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-М И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№146 - 147 (22.805) ● 2014 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 26, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр тумэнитIщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Ю. А. НэщIикIыж махуэшхуэм ирихьэлIэу цIыхухэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я цIэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мыслымэнхэм сохъуэхъу Рэмэдан мазэ лъапIэм нэщI исахэм я нэщIикIыж гуфIэгъуэмкIэ.

Республикэм и мыслымэнхэм граждан жылагъуэм зегъэужьыныгрэ ар гъэбыдэныгрэ къаруушхуэ ирахьэлIэ, иджырей щIалэгъуэм я зэхэщIыкIыр къэIэтыныгрэ зыгъэгъуэгъэ я зэхэщIыкIэ абыхэм жыджэру ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр сэбэп мэхъу къыдэкIуэтей щIэблэр гъуэгу тэмэным тегъэувэнымкIэ.

ЦIыхухэм я зэхэщIыкIыр къэIэтынымкIэ исламым зыхуэбгъэдэн щымыIэ и зэфIэкIыр хуэунэтIащ лъэпкъхэм, дин зэмылIэужьыгъуэхэм итхэм яку дэлъ зэгурыIуэныгъэр хъуэмэным.

НэщIикIыж махуэ лъапIэм мыслымэнхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми сохъуэхъу узынщагъэ, мамырыгъэ, ефIэкIуэныгъэ яIэну.

КIУЭКIУЭ Юрий,
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ.

Абазэ Р.И. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щIиэ фIыщIэм папщIэ» орденыр етыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыгъуэр зэтеГъэувэным, цIыхухэм я хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ хъумэным ещхь и щхьэкIэ хъэд зэрихищIыхьам папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр етын **Абазэ Руслан Исмел и къуэм.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м
№158-УГ

ШЭТ Ирмэ: Медицинэ лэжьакIуэхэм я улахуэр щыхуатхкIэ, абы къыхалъытэ я къалэныр фIагъ пылъу зэрызэфIахыр

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэным гулъытэ хэха щыхуащI. Iэнатlэм и мылъкутехникэ лъабжьэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр ирагъэкIуэкI. Псом ялэ ирагъэщI медицинэм и иджырей Iэмалхэр къагъэсэбэпурэ республикэм и цIыхухэм фIагъ лъагэ зиIэ дэIэпыкъуныгъэ щратын Iуэхущ Iапlэхэр къызэгъэпэщыным. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIуах Iэмэпсымэщ Iэхэмкlэ зэщIэуэзда иджырей амбулаторэхэр, гулъытэшхуэ хуащI поликлиникхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр къэгъэщIэрэщIэжьыным. Абы щыгъуэми щIыналъэм и къулыкъущIэхэм нэхъ зытрагъащIэр медицинэм и пэщIэдзэ къудамэм зегъэужьныныр, Iэщ Iагъэлlхэм щытыкIэ тэмэм къахуэзгъэпэщыныр. Зэфlагъэкlыну зыхуагъэувыжа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщыр медицинэ лэжьакIуэхэм я улахуэм хэгъэхъуэныр.*

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министр Шэт Ирмэ Iэнатlэм щекIуэкI лэжьыгъэр зыхуэдэм и гугъу щищIащ иджыблагъэ «Интерфакс-Юг» агентствэм и корреспондентым дригъэгъэкIуэкIа псалъэмакъым.

-Ирмэ, УФ-м и Президентым и «накъыгъэ унафэхэр» КъБР-м узыншагъэр хъумэн и Iэнатlэм дауэ гъэзэщIа щыхъуэр?

- 2014 гъэм и япэ мазищым къызэщIэпкъэжмэ, «Къэрал социальнэ политикэр гъэзэщIэнымкIэ Iуэхугъуэхэм ятеухуауэ» президент унафэмкIэ, медицинэ лэжьакIуэхэм я улахуэм хэгъэхъуэнымкIэ, «Гъуэгу картэм» дежьуIащ. «Узыншагъэр хъумэн» унэтIныгъэм 2014 гъэм и щышылэ-накъыгъэ мазэхэм ику ит улахуэр сом мин 17,5-рэ щохъу, къапщтэмэ, дохутырхэм сом мин 28,5-м нэблагъэ, курыт медицинэ лэжьакIуэм сом мин 16,5-м нэблагъэ, медицинэ лэжьакIуэ щыхьыщIэм хуэгъэфощауэ сом мин 11,2-рэ кьахъ. Ауэ мыбдежьым къыхэзгъэщыну сыхуейщ: бжыгъэр апхуэдэу къэгъэлъэгъуа щхьэкIэ, дэтхэнэ зы лэжьакIуэми и улахуэр зэрыхъунур Iуэхугъуэ куэдым елъытащ - Iэзагъэм, лэжьыгъэм зэрехьлIэм, Iуэхущ Iапlэм къэралым къыхуигъуэва къалэныр зэригъэзэщIэфам и мардэм, нэгъуэщI куэдми. Медицинэ лэжьакIуэхэм я улахуэр щыхуатхкIэ абы къыхалъытэ и къалэныр фIагъ пылъу зэрызэфIихыр.

«Узыншагъэр хъумэн Iэнатlэм къэрал политикэр щегъэфIэкIуэным теухуауэ» унафэр зэрагъэзащIэм и гугъу пщIымэ, социально-экономикэ щытыкIэм кIишэ узыфэхэр гъэмащIэным нэхъ тедгъащIэу зэрыщытыр къыхэгъэщыпхъэщI. Абы и лъэныкъуэкIэ республикэм и цIыхухэм я узыншагъэр къэпщытэныкIэ едгъэжьуэкI Iуэхум мыхьэнэшхуэ иIащ. Апхуэдэу нэгъабэ цIыху мини 130-м щIигъум я узыншагъэр ящапщытащ, мы илъэсым и кIэм а бжыгъэр мини 150-рэ хъунущ. Къэпщытэныгъэхэм къирикIуахэм япкъ иткIэ, лэжьыгъэр адэкIэ зэрырагъэфIэкIуэнур вубзыху. А Iуэхум тещIыхьауэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм я фIыгъэщ къалъхуагъащIэ сабийуэ дунейм ехьажа, гъэгу-транспорт къэхъуакIащIэм хаха фэбжьхэм илыкIыхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ зэрыхъуар. Гу-лъытхуэ узыфэхэм илыкIхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ щIыным хуэунэтIа федеральнэ программэр жыджэру ягъэзащIэ.

Лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ центру 2014 гъэм къызэIутхар къызэгъэпэщащ ангиографие комплексIэ, компьютер томографкIэ, МРТ, УЗИ IэмэпсымэхэмкIэ. Лъынтхуэ узыфэхэм еIэзэнымкIэ федеральнэ программэм ипкъ иткIэ сом мелуан 203-рэ и уасэ Iэмэпсымэ къэтщэхуащ. КъБКъУ-м неврологиемкIэ и кафедрэм и дохутырхэр «Дэ1эпыкъуэгъу псынщIэм» и лэжьакIуэхэм лекцэхэм къаззрыхуеджам, инсультым, инфарктым зэрызыщIпхъуэмэным теухуауэ цIыхухэм я деж нэтхъэса хъыбархэм я фIыгъэкIэ, а уэхэм иубыда сымаджэхэр япэ сыхьэтищым кIэрибыдэу сымаджэщым нэгъэсын Iуэхур зэтедублащ. Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым екъулIэныгъэ яIэу къыщагъэсэбэп тромболизис Iэмалхэр. 2014 гъэм и гъатхэпэ мазэм щегъэжьауэ, центрыр щызэрызэIуахрэ, апхуэдэ Iэмалыр блэнейрэ къагъэсэбэпащ. Щхьэ куIым, гум екIуалIэ лъынтхуэхэм еIэзэнымкIэ Iэмалыщ Iэхэр къэгъэсэбэпынри жыджэру лэжьыгъэм хапщэ. Къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ центрым и пэщIэдзэ къудамэ щолажьэ, 2014 гъэм и гъатхэпэ мазэм щегъэжьауэ, апхуэдэ дыдэ Прохладнэ къалэм дэт сымаджэщми щыкIэзIуахынущ.

Республикэм щолажьэ кардиохирургие Iуэхущ Iапlэ. Ар сыт и лъэныкъуэкIи зыхуэй хуэзэу къыззэгъэпэщащ. Мы илъэсым зэрыщIидзэрэ абы операцэу 250-рэ щрагъэжьэкIащ, абыхэм ящыщу 228-м коронарографие Iэмалыр къагъэсэбэпащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

■ ХъыбарыщIэхэр ■ Гъуэгджэ

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Юбилей ■ Малъхъэдис

ЗэзыгъэуIу зэIущIэм

● Дыгъуасэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щригъэкIуэкIащ щынагъуэнщагъэмрэ хабзэмрэ къызэгъэпэщыным теуху Зэзыгъэуlу зэIущIэ. Абы хэтащ республикэм и Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар, Къэбэрдей-Балъкъэрымкlэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Вербицкий Алексей, Парламентымрэ Правительствэмрэ щыщхэр, муниципальнэ районхэм, къалэ округхэм я щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, судыщIэхэр, хабзэхъумэ, къэпщытакIуэ-кIэльпльакIуэ Iэнатlэ псоми я унафэщIэр, Жыларгъуэ палатэм, дин Iуэхущ Iапlэхэм, жылагъуэ, лъэпкъ организацIэхэм я лыкIуэхэр.

- МЫПХУЭДЭ зэIущIэ гъэпсыкIэр къыщIыхэтхам щхьэусыгъуэ хэха иIэщ. Дэ къыптэщытщ Къэбэрдей-Балъкъэрым хабзэр къызэрыщызэрагъэпэщ щIыкIэм кууэу дыхэпльэну, абы пыщIа Iуэхугъуэхэр лъэныкъуэ псори къызэщIиубыдэу зэпкърытхыну, а лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным теухуауэ 2014 - 2015 гъэхэм къытпэщыт кьалэн нэхъыщхьэхэр дгъэбелджылыну. Мы зи гугъу тщIынухэр цIыхухэм я социально-экономикэ гъащIэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ. Гъатхэпэ - мэлыжьвых кIуахэм республикэр социально-экономикэ щытыкIэ гугъу итами, фIы и лъэныкъуэкIэ зэхъуэкIыныгъэ щхьэхуэхэр диIэщ. Кьапщтэмэ, а зэманым кьриубыдэу промышленностым къыщIигъэкIым и индексыр проценти 106,7-м нэсащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ зэманым зэрыхъуар процент 68,9-рэщ. МэкъумэшхэкIыу процент 1,1-кIэ нэхъыбэ е сом меларди 8,4-рэ и уасэ кьалэжьащ. Ику ит мазэ улахуэм процентти 10,4-кIэ, налогыу къыхэкIым процент 20,3-кIэ хэхъуащ. Зэпрыльагъуци, гъунэ итльауэ араща. Абы къыхэкIыу, дяпэкIи нэхъри дегугъун, Iэнатlэщ Iэхэр къызэIухыным, Iэщ Iагъэлl Iэзэхэр гъэхъэзырыным, инвесторхэр къыдэхъэхыным ди къарур хуэзащIэдгъэуIуэн хуейщ, - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Юрий.

Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм зэрыжиIамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм зэрызижьынум теухуауэ ди деж къыщыхалъхьа жэрдэмхэмэ Iэхэгъуэхэмрэ Урысей Федерацэм и Президентым кьыдеIыгъ.

Доклад зыщIынухэм псалъэ яритын и пэ къыхуэу абы къыгъэлъэгъуащ щынагъуэнщагъэмрэ хабзэмрэ къызэгъэпэщыным хуэунэтIа республикэм щыщIэ щытыкIэр зэIуахуэ, щапхъэхэмкIэ щIэгъэбыдэу кууэ зэпкърахын, Iуэхур къэгъаззэнщэу езыгъэфIэкIуэну хэкIыпIэхэр къызэрагъэсэбэпыну Iэмалхэр зэхъыхэм щагъэбелджылын зэрыхуейр.

Зи унафэщI Iэнатlэхэм я лэжьыгъэр зыхуэдэр зэпкърахыу зэIущIэм къыщыпсэльащ республикэм и прокурор **Жариков Олег**, къэрал кIуэцI Iуэхугъэмкlэ министру Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ **Васильев Сергей**, ФСБ-м и щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Кменный Сергей**, республикэм и налог Iэнатlэм и Iэтащхьэ **КIэрэф Мурат**, Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыхум и хуитныгъэхэр хъумэныкIэ и уполномоченнэ **Зумакулов Борис**, Аруан муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Куэшей Азэмэт**, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Аттаев Жэмал**, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэм кьрикIуар щыщхэмкIэ,ежьым, КIуэкIуэ Юрий аргуэру кьыхигъэщащ республикэм и цIыхухэм я хуитныгъэхэр, я конституцIэ щэсапIэхэр хъумэныр, я щынагъуэнщагъэр къызэгъэпэщыныр, я псэукIэр егъэфIэкIуэныр псоми я зэхуэдэ къалэну зэрыщытыр.

АРУАН Алий.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 26, щэбэт

♦Сатум и лъэныкIуэм и махуэщ
♦Дагъыстан Республикэм и Конституцэм и махуэщ
♦1926 гъэм Петропавловск быдапIэм декабристхэр щаукIащ.
♦1957 гъэм СССР-м дунейм щыяпэу гъуэгуанэшхуэ зэпызычыфIбаллистическэ ракетэр иутIыпщащ.
♦ТхакIуэ, тхыдэдж-архивист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Опрышкэ Олег** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.
♦УсакIуэ цIэрыIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Чуякъуэ Юнус** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.
♦Адыгэ тхакIуэ, публицист, щIэныгъэлI, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист **Къуикъуэ Асфар** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.
♦Адыгэ усакIуэ, тхакIуэ **Тау Нинэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, Хуабэр махуэм градус 26 - 30, жэщым градус 21 - 26-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 28, блыщкъэ

♦НэщIикIыж хьид махуэшхуэщ
♦Гепатитхэм ебэныным и дунейпсо махуэщ
♦1586 гъэм Европэм кIэрIофыр кьашащ.
♦1697 гъэм Камчаткэ хьIыгуныкъуэр кьыхуэзыуахащ.
♦1957 гъэм «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблыр студентхэмрэ щIалэгъуалэмрэ Москва щрагъэкIуэкIа фестивалым и лауреат хъуащ.
♦Абхъаз щIэныгъэлI, жылагъуэ лэжьакIуэ, юридическэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Шамбэ Тарас** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.
♦Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист **Сэхъутэ Нурбий** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщIешынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 18 - 23-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 29, гъубж

♦Къаплъэным и дунейпсо махуэщ
♦Урыс сурэтыщI цIэрыIуэ **Айвазовский Иван** къызэралъхурэ илъэси 197-рэ ирокъу.
♦СССР-м и цIыхубз артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым щенэрэ и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь **Кадочников Павел** къызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 – 28-рэ, жэщым градус 17 - 24-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхъэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Ю. А. НэщIикIыж махуэшхуэм ирихьэлIэу цIыхухэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я цIэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мыслымэнхэм сохъуэхъу Рэмэдан мазэ лъапIэм нэщI исахэм я нэщIикIыж гуфIэгъуэмкIэ.

Республикэм и мыслымэнхэм граждан жылагъуэм зегъэужьныныгрэ ар гъэбыдэныгрэ къаруушхуэ ирахьэлIэ, иджырей щIалэгъуэм я зэхэщIыкIыр къэIэтыныгрэ зыгъэгъуэгъэ я зэхэщIыкIэ абыхэм жыджэру ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр сэбэп мэхъу къыдэкIуэтей щIэблэр гъуэгу тэмэным тегъэувэнымкIэ.

ЦIыхухэм я зэхэщIыкIыр къэIэтынымкIэ исламым зыхуэбгъэдэн щымыIэ и зэфIэкIыр хуэунэтIащ лъэпкъхэм, дин зэмылIэужьыгъуэхэм итхэм яку дэлъ зэгурыIуэныгъэр хъуэмэным.

НэщIикIыж махуэ лъапIэм мыслымэнхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми сохъуэхъу узынщагъэ, мамырыгъэ, ефIэкIуэныгъэ яIэну.

КIУЭКIУЭ Юрий,
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ.

Балъкъэр къэрал мэкъумэш академиер къызэIуахащ.
♦1995 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэуващ президент къулыкъыр.
♦Адыгей усакIуэ, драматург **Чуякъуэ Джэфар** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.
♦Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь **Iэбубэчыр Нажмудин** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.
♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щомахуэ Алексей** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.
♦Адыгэ Республикэм и цIыхубз тхакIуэ, публицист, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Чуякъуэ Юнус** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.
♦Адыгэ тхакIуэ, публицист, щIэныгъэлI, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист **Къуикъуэ Асфар** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.
♦Адыгэ усакIуэ, тхакIуэ **Тау Нинэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 30, жэщым градус 23 - 25-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 27, тхьэмахуэ

♦УФ-м и Дзэ-Тенджыз флотым и махуэщ
♦Украинэм и флотым и махуэщ
♦Белоруссием и сату лэжьакIуэм и махуэщ
♦1841 гъэм Пятигорск пэмыжьыжьу Мэшыкъуэ бгы лъапэм и деж щаукIащ урыс тхакIуэшхуэ Лермонтов Михаил.
♦1981 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэралыгъуэ университетым и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим** къалэ администрацэм деж щызэхуэса гуп дахэр щилъагъуэм, езыми хуэмышIэуэ зэрахьхьам-кIэ зиумысижащ.

- Бгылъэ щIыпIэхэм нэхъ зэпэгъунэгъу узэхуащI. Нэхъыщхьэращи, псоми узынышу, бэлъуIунышу къэдгъэзэжащ, - жеIэ абы.

ЗэIущIэм и кIэухым КIыщокъуэ Алим зыгъэзэпIа ЦIыху тIощIым ДАХ-м и ЩIыхь тхылъхэмрэ фэеплъ саугъэтхэмрэ ирагъэщ.

ЦIОМАХУЭ Залинэ.

Сурэтыр **Мамий Руслан** *трихащ.*

КIыщокъуэ Алим и щыгум дэкIахэр ягъэгушхуэ

● Дунейпсо Адыгэ Хасэм

КъБР-м и цIыхубз усакIуэ КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу ПIэджэм псыхъуэм къыщхьэщыт бгыкъэм ящыщ зым тхакIуэм мывэм тещIыхьа и фэеплъ драхьейуэ а щыгум абы и цIэр фIэящца гупыр Дунейпсо Адыгэ Хасэм иджыблагъэ щагъэлъэпIащ.

ЗэIущIэр и гуапэу къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий.**

- Къэбэрдей-Балъкъэрыр поэзие гуакIуэкIэ дуней псом къезыгъэцIыхуа цIыху щэджащэр зыгъэлъэпIа дэтхэнэми фIыщIэшхуэ фхуэощI. КIыщокъуэр адыгэм и дамыгъэ хъуауэ жыпIэмэ, ущыуэну къыщIэкIынкъым. Нобэ тхакIуэм хуащI пщIэр куэдкIэ и фIыгъэщ ар творчествэ бгы задэм къэгъазэрэ къикIуэтрэ имыщIэу зэрыдэкIам. Сэ грогушхуэ Алим сцIыхуу зэрыщытам. Абы и илъэс 80-р щыхуагъэлъапIэ махуэм пщIэ къыхуэзыщI, и Iэдакъэщ Iэкlэр фIыуэ зыгъэгъу куэд крихьэлIат. А илъэсыр блэкIащ, КIыщокъуэр нобэ къытхэмытыжми, и Iэдакъэщ кIэмкIэ щIэгъэкъуэн кьытхуэхъу зэпытщ, ар сыт щыгъуи ди гум илъщ, и усэхэр ди Iупэм телъщ. ТхакIуэр псэущ и Iэдакъэщ Iэкlэм цIыхур хуэныкъуэху, жаIэ. Нобэ, КIыщокъуэ Алим илъэсищэ щрикъум, абы и щIэупщIэр, и пщIэр нэхъ лъагэ мыхъуамэ, зы мэскъалэкIэ кIэрыхуакъым. «Нэхъыжь зымыгъэлъапIэ щхьэ лъапIэгъуэ ихуэркъым», - жеIэ адыгэм, ди тхакIуэ щэджащэм хуэфащIа пщIэм хуэдэ фэри вгъуэтыжыну сыфхуохъахъуэ, - жиIащ и псалъэхэм я кIэуэныр Сэхъурокъуэм.

Адэкlэ псалъэ ираташ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.**

- КIыщокъуэр дунейм зэрехьыж махуэрэ абы и творчествэр фIыуэ зылъагъу дэтхэнэри тхакIуэм и цIэр зезыхьэ зы Iуащхьэ щыIэну щIэхъуэпсырти, а къалэныр гуп дахэм итъэзэщIащ. А Iуэхум щыгуфIыкIа псоми къабгъэдэкIыу фIыщIэ лей фхузощI гугъу зезыгъэхьахэм. «Гъуэгу техьэ тенэркъым», гупыр щедгъэжьа махуэм уэшхыр етауэ, бгым удэкIын дэнэ къэна, унэм укъыщIимыгъэкIыу къешхырти, мащIэу дыгузавэурэ гъуэгу тедгъэхьатти, дыкъагъащIэхъуачкъым. КIыщокъуэр Алимрэ Кулиев Къайсынрэ дунейм щытетым зэныбжьэгъушхуэу, зым и гукъеуэр адрейм щхьэщIэтыкIыу кьыздекIуэкIати, иджы абыхэм я цIэхэр зезыхьэ Iуащхьэхэри зэгъэунэгъуэу, абы къеГъэлъагъуэ ди лъэпкъхэм я зэхуэдэ зэныбжьэгъугъэр зэрыгъунэнщэр.

Гупым пашэу, пэрыту яIа **Ольмезов Абдулхьэлим** псалъэ щратым, КIыщокъуэм и Iуащхьэм кхраха мывэ яритащ, абы и щIэкIэ къызэIуахыну я мурад музейм щIалъхъэну, апхуэдэущ абы и псалъэхэм къыхигъэщащ къызэхьэлъэкIа яхэтми, гупым щыщ дэтхэнэми лIыхъужьыгъэ кьиГъэлъагъуэу бгым зэрыдэкIар.

КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ **Мамхэгъ Хьэчим** жиIащ псом хуэмыдэжу гупым хэта бзылъхугъэхэмрэ илъэс 14-м ит щIалэ цIыкIумрэ фIыщIэрэ щытхъупрэ къызэралэжьыр, икIи дяпэкIэ, хуей хъумэ, а гупым дэщIыгъуу иджыри а гъуэгум техьэну зэрыхьэзырыр.

Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим** къалэ администрацэм деж щызэхуэса гуп дахэр щилъагъуэм, езыми хуэмышIэуэ зэрахьхьам-кIэ зиумысижащ.

- Бгылъэ щIыпIэхэм нэхъ зэпэгъунэгъу узэхуащI. Нэхъыщхьэращи, псоми узынышу, бэлъуIунышу къэдгъэзэжащ, - жеIэ абы.

ЗэIущIэм и кIэухым КIыщокъуэ Алим зыгъэзэпIа ЦIыху тIощIым ДАХ-м и ЩIыхь тхылъхэмрэ фэеплъ саугъэтхэмрэ ирагъэщ.

ЦIОМАХУЭ Залинэ.

● Налшык - 290

Юбилейм зыхуащI

Ди республикэм и къалащхьэр илъэс 290-рэ, апхуэдэу КъБР-м къралыгъуэ зэригъэтрэ илъэс 93-рэ зэрыхъур къызыхуэтынщэу гъэлъапIэным теухуауэ Налшык къалэ администрацэм унафэ щыхьэуэ къыщIащ. Абы ипкъ иткIэ щIыпIэм щызэфIах Iуэхугъуэ купщIафIэ куэд.

ЛЭЖЬГЪЭХЭМ я нэхъыбапIэр зыхуэунэтIар къалащхьэм и теплъэр егъэфIэн зэрыщыр. Абы хэхъэ гъуэгуэр зэгъэпэщыжыныр, удз гъагъэхэр зэрыт утхэр, къуэщыжынхэр зыхуей хуэгъэзэнныр, сату Iуэхущ Iапlэхэм я щыхьэпIэхэр, щхьэгъубжэ абджэхэр, цIыхухэр къезышэкI автобусхэр, кьулыкъущIапlэхэр махуэшхуэм хуэкIуэу гъэщIэрэщIэныр, уэрамхэр зыгъэнэху лампI эмыфэгъуэхэр зэрыблэм кIэлъыплъыжыныр, гуфIэгъуэ зэхьыхэ куэд щекIуэкIыну къалэ паркыр абыхэм хуэгъэхъэзырынр, нэгъуэщIхэри.

Апхуэдэу махуэшхуэм ирихьэлIэу къралащхьэм къыщыкIэрагъэпэщынущ «Сэ Урыс-сейм срицIыхуц», «ФIыуэ тлъагъу къалэм - ди гулъыт», «Iуэхуфlхэм я фестиваль» акцIэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Къалэ паркым концерт зэхуэмыдэхэр щекIуэкIынущ. Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я творческэ зэфIэкIхэр щагъэлъэгъуэнущ «Уэр папщIэ, си къалэ» выставкэм.

Къалэм къедза Канжэ, Хьэсэней, Белая Речкэ жылэхэм «Налшык дуней псом щынэхъ дахэ щыпIэщ» фестивалыр щекIуэкIынущ. Абы кьызэщIекьыбыдэ концертхэри, гъэлъэгъуэныгъэ зэмылIэужьыгъэхэр. Къалэ паркым концерт зэхуэмыдэхэр щекIуэкIынущ. Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я творческэ зэфIэкIхэр щагъэлъэгъуэнущ «Уэр папщIэ, си къалэ» выставкэм.

Къалэм къедза Канжэ, Хьэсэней, Белая Речкэ жылэхэм «Налшык дуней псом щынэхъ дахэ щыпIэщ» фестивалыр щекIуэкIынущ. Абы кьызэщIекьыбыдэ концертхэри, гъэлъэгъуэныгъэ зэмылIэужьыгъэхэр. Апхуэдэу къалащхьэм щекIуэкIынущ спорт зэхьэзэхуэхэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Льэпкъ Iущыгъэ:

Жэм къэщэхуи, вы щэхун хэкIыж.

Медицинэ лэжьакIуэхэм я улахуэр щыхуэатхкIэ, абы къыхалъытэ я къалэныр фIагъ пылъу зэрыгъэфIахыр

(КIэухыр. Пэщ1эдзэр 1-нэ нап.).

- КъалъхуагъащIэ сабийуэ дунейм ехыжхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ хъунымкIэ республикэм сыт хуэдэ Iэмалхэр къыщыбгъэсэлэнр?

- ЦIыхубэ уэндэгъуэхэм ядэIэпыкъу Iэхуэщ1ап1эм зегъэужьыным, къалъхуагъащIэ сабийхэм я узынышагъэм тKийуэ кIэпъыпIыным гулъытэ хэха худощ. Районхэм щыIэ лъхуапIэ, чанджещ щрат къудамэхэр Налшык къалэ дат Перинатальнэ центрым и жьауэм щIэтщ, ар Iэмэпсымэ зэпыщIэнкIэ къызэгъэпэщащ, фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ щагъуэт. Ди деж щолажьэ къалъхуагъащIэхэм я узыншагъэр къэзыпщытэ Iэхуэщ1ап1э, зи хьэпIагъыр мащIэ сабийхэм щакIэлъыпIпIэ, къалъхуагъащIэхэм я хирургиемкIэ къудамэхэр, апхуэдэу сабий нейрохирургиемкIэ къудамэ къызэгухыну зыдогъэхьэзыр. Аха пэсри хуэунэтIащ узыр пасэу къахутауэ елэзэным. Центрым, КъБР-м Узынышагъэ хъумэнымкIэ и министерствэм къалъхуагъащIэ сабийуэ дунейм ехыжхэм я бжыгъэр гъэмэщIэнымкIэ и IэнатIэм я Iэщ1агъэлIэхр лэжьыгъэм зэрехьулIэм куэдкIэ елъытащ демографие щытыкIэр. Апхуэдэу илъэсым и я1п мазитхум къалъхуагъащIэ сабийуэ дунейм ехыжхэхэм я бжыгъэр къаралым къышыгъэльэгъуам нэхъри куэдкIэ нэхъ мащIэщ - 5,2-рэ (УФ-м - 6,4-рэ).

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и медицинэ Iэхуэщ1ап1эхэр зэгъэпэщыжыным и Iуэхур дэнэ нэса?

- Мы илъэсым и кIэм нэблэгъащ республикэ клиникэ сымаджэщым и хирургие къудамэм щекIуэкIа зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр, абы цIыхухэм ягъуэт медицинэ дэIэпыкъунигъэм и фIагъым куэдкIэ хигъэхъуэнущ. Абы къишынэмыщIауэ, къызэIутхащ травматологие центр, фэбжь зыбжанэ зэуэ зыгъуэтахэм щIэзэз къудамэ хэту. Гъэзэгутранспорт къэхъукъащIэхэм хахуахэм ягъуэт медицинэ дэIэпыкъуныгъэр егъэфIэкIуэным тегъэпсыхьа федеральнэ программэмкIэ сом мелуани 130-рэ къыгIэрыхьащ, абыкIэ къэтщхуну ди мурадщ тхьэмбылыр зэрагъэлажьэ аппарат, апхуэдэу къэхъукъащIэ къызэрымыкIуэхэмкIэ медицинэ Iэхуэщ1ап1э и реанимобилхэр зэтхъуэкIынущ. А Iуэхущ1апIитIыр жыджэру зэдолажьэ, гъэзэгум къыщыхъу къэхъукъащIэхэр нэхъыбэ хъуа пэтми, мы илъэсым и пэм щегъэжьауэ фэбжь зыгъуэтауэ травматологием къашхэм ящыщу къахуемыгъэлу зы цIыху дунейм ехыжауэ аращ. Гъэзгу насыпынышагъэм фэбжь хэзыхам псынщIу дэIэпыкъуныгъэ яратыну Iэмал зэрагъэн и фIыгъкIэ, республикэм и дохутырэм яхуэзэфIокI удын хьэпIэ дыдэ зыгъэтари къызэфIагъэувэжьын. «Травматологие, ортопедие» унэтIныгъэмкIэ республикэм и дохутырхэм фIы дыдэу къохъулIэ къупщхь зэрытпIэхэм елэзэныр. Апхуэдэ хуэIухуэщIэхэр нэхъапэм федеральнэ медицинэ центрхэм щыбгъуэтыну арат.

- ФIагъ лъагэ зиIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэм и сыт хуэдэ унэтIныныгъэхэм псом япэу зыщегъэужьыну фи мурад Къэбэрдей-Балъкъэрым?

- 2014 гъэм республикэ клиникэ сымаджэщым и лэжьыгъэм «гу-лъынтхэ хирургие» унэтIныныгъэмкIэ фIагъ лъагэ зиIэ технологие медицинэ дэIэпыкъуныгъэр къэхыдгъэхьэну дубзыхуащ. Апхуэдэу ди мурадщ фIагъ лъагэ зиIэ Iэмалхэр нейрохирургием, офтальмологием, жьэ къупщхь-нэкIу хирургием, урологием къышыдгъэсэбэпыну. Мы зэманым иужь дитщ республикэ сабий клиникэ сымаджэщым фIагъ лъагэ зиIэ технологие дэIэпыкъуныгъэр унэтIныныгъэ псоми къыщыдгъэсэбэпу Iуэхур зэрыщызытедублэным. Iуэхущ1ап1эм иIэщ а лэжьыгъэр зыгъэзэщIэфынэ Iэщ1агъэлIэхр. Мы зэманым эндоскопым ирилажьэфыным хуеди къэдгъэжьну дохутырыгIэ, нейрохирургиемкIэ зы дыдэ къохъулIэ къупщхь зэрытпIэхэм елэзэныр. Апхуэдэ хуэIухуэщIэхэр нэхъапэм федеральнэ медицинэ центрхэм щыбгъуэтыну арат.

- ФIагъ лъагэ зиIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэм и сыт хуэдэ унэтIныныгъэхэм псом япэу зыщегъэужьыну фи мурад Къэбэрдей-Балъкъэрым?

- 2014 гъэм республикэ клиникэ сымаджэщым и лэжьыгъэм «гу-лъынтхэ хирургие» унэтIныныгъэмкIэ фIагъ лъагэ зиIэ технологие медицинэ дэIэпыкъуныгъэр къэхыдгъэхьэну дубзыхуащ. Апхуэдэу ди мурадщ фIагъ лъагэ зиIэ Iэмалхэр нейрохирургием, офтальмологием, жьэ къупщхь-нэкIу хирургием, урологием къышыдгъэсэбэпыну. Мы зэманым иужь дитщ республикэ сабий клиникэ сымаджэщым фIагъ лъагэ зиIэ технологие дэIэпыкъуныгъэр унэтIныныгъэ псоми къыщыдгъэсэбэпу Iуэхур зэрыщызытедублэным. Iуэхущ1ап1эм иIэщ а лэжьыгъэр зыгъэзэщIэфынэ Iэщ1агъэлIэхр. Мы зэманым эндоскопым ирилажьэфыным хуеди къэдгъэжьну дохутырыгIэ, нейрохирургиемкIэ зы дыдэ къохъулIэ къупщхь зэрытпIэхэм елэзэныр. Ди мурадщ Iэмалыщ1эхэм дохутыр-офтальмологи хуедгъэджэну.

Мы илъэсым и бадзэуэгъуэ мазэм Кардиологие диспансерым щызэтраублэнущ сымаджэхэм «гу-лъынтхэ хирургие» унэтIныныгъэмкIэ фIагъ лъагэ зиIэ технологие медицинэ дэIэпыкъуныгъэ ягъуэту. Иджыпсту абы коронарографие зэрарагъыну Iэмэпсымэщ щагъэуващ, абы ирилажьэну Iэщ1агъэлIэхр ягъэхьэзыращ.

- Дызэрыщыгъуаз эмкIэ, зэман гъунэгъум республикэм къыщызэIуахынущ Iэмэпсымэщ1эхэмкIэ къызэгъэпэща идджырей амбулаторэ Iуэхущ1ап1эхэр икIи поликлиникэхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр ирагъэфIэкIуэнущ. А Iуэхум нэхъ зыубгъуауэ укъытхутепсэлыхььамэ, ди гуапэт.

- Республикэм узынышагъэхъумэн и Iэнатl эм нэхъ мыхьэнэ зиIэ и проектхэм ящыщщ ар. Япэрауэ, ар хуэунэтIащ медицинэм и пщIэдзэ Iэнатlэр, псом хуэмыдэу къуажэжэм щыIэ Iуэхущ1ап1эхэр, егъэфIэкIуэныр. Тэтэрстан Республикэм къыщыщIагъэкI зэпкъралъхьэ пкъыгъэхэр куэд мыщIэу къыгIэрыхьэнущ. Зэман гъунэгъум къриубыдэу фельдшер-акушер пункту 40 ягъэувынущ. Абы мыхэнэшхуэ иIэщ, сыт щхьэкIэ жьпIэмэ ижькъей илъэсипщым къуажэ пхыдзахэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ тэмэм зэрыщымыIэм гулъытэ хуащIакъым, абы ипкъ иткIэ, удын хьэпIэ я мылъку техникэ лъабжьэр мыхьэнэншэ хъуащ, Iэщ1агъэлIи ялэкъым.

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынышагъэр хъумэн и Iэнатlэм зегъэужьынымкIэ сыт хуэдэ ехьулIэныгъэхэр фиIа?

- Iэнатlэм зэрызэдгъэужьынымкIэ дыхущIэкIуэрэ, 2014 гъэм Iуэхущ1ап1эу 26-м зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щедгъэкIуэкIащ, медицинэ техникэу 1333-рэ къыгIэрыхьащ. Медицинэ Iуэхущ1ап1э псорИнтернетым пыщIащ. ЦIыхуэхэм электрон Iэмалыр къагъэсэбэпу дохутырхэм я деж зыщрагъэтхъыу лэжьыгъэр зэрызэтраублэным иужь итщ, къапштэмэ, къалэ Iуэхущ1ап1эхэм хэж жьыдзэру къагъэсэбэп апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэ.

- Онкологие, перинатальнэ центрхэм я уху нэныгъэр дэнэ нэса?

- Мы зэманым иужь дитщ «Урысей Ипщэ» федеральнэ программмэ хэхам онкологие центрыр хэдгъэхуэну. ЩIэуэ яуху Перинатальнэ центрыр и кIэм нэгъэсыным теухуа зэгурыIуэныгъэ республикэм и Iэтащ1эхэм ирищIыпIащ УФ-м Узынышагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм. А Iуэхум трагъэкIуэдэну сом мелардит1 къыхуатIыпщащ. Ухуэныгъэ лэжьыгъэхэм текIуэдэнэм къищынэмыщIауэ, абы хохьэ медицинэ техникэ пэрытхэмкIэ ар къызэгъэпэщынкIэ, дохутырхэр егъэджэныр.

Академик Кулаков В. И. и цIэр зезыхьэ, акушерствэмкIэ, гинекологиемкIэ, перинатологиемкIэ щIэныгъэ центрым и Iэщ1агъэлIэхр иджыблагъэ ди дохутырхэм пекIэ къахуеджащ, семинархэр, тренингхэр драгъэкIуэкIащ. Абы ипкъ иткIэ дохутыр 26-м зэреджам щыхьэт текIуэ тхьылъхэр кърагъэжащ.

2014 - 2015 гъэхэм республикэ бюджетым къыхэкIыу къытIэрыхьэну мылькур сом мелуан 300-м щIигъунущ. ГъэзэлIэн 130-рэ щIэхуэу, цIыхубзхэм чанджещ щратыну къудами хэту Налшык щаухуэ перинатальнэ центрыр и кIэм нэгъэсыным теухуа медико-техникэ проектыр яубзыхуащ. УхуэныгъэмкIэ «гъуэгу картэр» зэхалъхьащ икIи ар хуэмурэ ягъэзащIэ.

• ЗэIущIэхэр

Иджыри куэд къапэщытщ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и яп э къуэдзэ Уннаев Казым республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм зэIущIэ щригъэкIуэкIащ. Зэхуэсым щытепсэлъыхьащ бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iуэхущ1апIэхэр, псэупIэхэр зэрыхуэхьэзырым.

КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Болагъы Борис** жиIащ 2014 - 2015 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм Iуэхущ1апIэхэмрэ псэупIэхэмрэ хуэгъэхьэзырыным сом мелуан 611-рэ мин 970-рэ зэрыхухахар. Абы щыщу сом мелуани 6-рэ мин 300-р зэгъэпэщын хуей Iэмэпсымэхэм текIуэдэнущ, жьы хъуа бжьамийхэр зэхъуэкIыным - мелуан 50-рэ мин 327-рэ. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр псом япэу щрагъэкIуэкIынур Прохладнэ, Шэрэдж, Iуащхьэмахуэ, Аруан районхэрщ. «Дызэрыт мазэм ирихьэлIэу республикэм и псэупIэ-коммунальнэ Iуэхущ1апIэр бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм процент 51-кIэ хузэхьэзырщ. АрщхьэкIэ а бжьгъэм арэзы дыкъищIыркъым, сыту жыпIэмэ и нэхъыбэ Iуэхущ1апIэхэм зэрыхьэзырым щыхьэт текIуэ тхылъ къатакъым. Республикэ комиссэм хэтхэм сынывольэу фи лэжьыгъэр дэфтэркIэ щIэгъэбыдэжауэ щытын зэрыхуейм фегугъуну, - къыхиГъащ1ащ Бэлагъым.

Гулъытэ хуэщIын хуейуэ абы къелъытэ хъат куэду зэтет унэ хуэдизкIэ лифтхэр зэрыщхьэхуэкIыгъэмэ. «Къэлъытэн хуейщ сом 1 мелуанрэ мин 200-рэ зи уасэ лифтыр зы подъездым щIэс цIыхухэм (псалъэм пащIэ, пенсэм кIуахэм) я закъуэ къаркIэ зэрызэрамыгъэпэщыжыфынур. «КъБР-м фэтэр куэду зэхэт и унэхэр зэгъэпэщыжыкIи» программэм къыдэхуэ мылъкукIэ а Iуэхум эхпIэн хуейуэ къысщохъу. Псом япэу жьы хъуа лифтхэр зыхэт унэхэр Гъэбелджыпатхъэщ», - жиIащ Бэлагъым. Программэм къызэщIеубыдэ сом мелуан 58-рэ мин 802-рэ. Къулыкъущ1эм и псалъэр щынигъэсым иджыри зэ къыхигъэщащ къалэхэмрэ районхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм я псэупIэхэр бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырым и щыхьэт паспортхэр фокладэм и 15 пщIондэ КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм къагъэхьэн зэрыхуейр, хуабэ къэзыт Iуэхущ1апIэхэм я Iэпащ - жэпуэгъуэм и 1 пщIондэщ.

КъБР-м ПсэупIэмкIэ и къэрал инспекцэм и унафэщI **Къэжэр Нажмудин** тепсэлъыхьащ мы илъэсым и мэкъуэгуэрыз мазэм къыщыщIэдзауэ бадзэуэгъуэм и 20 пщIондэ къапщыта лэжьыгъэхэм. Абы зэрыкиIамкIэ, фэтэр куэду зэхэт унэхэм Iуэхутхьэбзэ яхуэзэщIэ Iуэхущ1апIэ зыбжанэм я къалэныр зэрамыгъэзащIэмкIэ тхыгъи 126-рэ яГъэхьэзыращ, ялэжьыпхъэхэр гъэбелджылауэ итщ. «Республикэм и псэупIэхэр щIымахуэм зэрыхуэхьэзырым теухуауэ Iуэхущ1апIэ 23-рэ къэтпщытати, зи Iуэхур нэхъ мыщIагъуэу къыщIэкIар къат куэду зэтет унэ 77-м Iуэхутхьэбзэ яхуэзэщIэ 5-нэ ЖЭК-рщ. Абы иджыри щIидзэкъым и нэIэ щIэт псэупIэхэр бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм хуигъэхьэзырыну», - жиIащ Къэжэрым. Апхуэдэуи абы къыхиГъащ1ащ псы хуабэ зимыIэ, зи котельнэхэр хабзэм тету зэмыгъэпэща унэхэр Налшык къалэ и Къэбэрдей уэрамым, Лениным, Тэрчокъуэм я щIэхэр зэзыхьэхэм зэрытетыр, Бахъсэн районым хьыхь хуажэ зыбжанэм псы къаззэрыщIэуэрэ хьэлэч ищIа унагъуэхэм я Iуэхур иджыри хэплъэгъуэу зэрыщытыр.

Уянаев Казым къызэхуэсахэр хьыхуриджащ зи гугъу ящIахэр зи къалэнхэм я лэжьыгъэр тэмэму яГъэзэщIэну.

КъАНЩАУЭ Лиз.



Унагъуэхэм я зэпеуэм

Дон Iуфэм Iус Ростов къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ зэпеуэ хьэлэмэт. Зи нэм имылъагъуэхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм (ВОС) къызэригъэпэща а зэхьэзэхуэм хэтащ щIыналъэ зыбжанэм къикIа унагъуэхэр. АбыкIэ хьыбар къыдигъэщIащ а зэгухьэныгъэм и пресс-Iэнатlэм.

«КIэПХЪ цIыкIу» гъэмахуэ зыгъэпсэхуп1эм зэпеуэм хэтыну щыIэхуэсат Дагъыстанэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Шэшэнэм, Къалмыкъым, Ростов областым, Ставрополь, Краснодар, Краснояр крайхэм щыщ унагъуи 8. МахуищкIэ екIуэкIа зэхьэзэхуэм зэхуэп унэтIныныгъи 7-кIэ щыIэпеуэщ. Яп э махуэм къекIуэлIа унагъуэхэм щыщхэм къэпщытакIуэ гупым хэтхэм зыкъраГъэщIыхуащ. Апхуэдэуи хэтащ «ЗэчиифIэхэм я вагъуэбэ» творческэ зэпеуэм. Унагъуэм щыщ дэтхэнэми кIIуэ къищIащ бгъэдэлъ зэфIэкIхэр, къэфащ, уэрэдхэр жаIащ, таурыхъ тепльэгъуэхэр утыкум щагъэльэгъуащ.

Зэпеуэм хэтахэми абы кIэлъыплъахэми хуабжьу яфIэхьэлэмэту екIуэкIащ «Унагъуэм щIэс псори дыззрощIэ» цIэр зиIа зэхьэзэхуэр. Унагъуэм исхэм зырызу жэуап ятырт адрейхэр дзэзыхьэх Iуэхугъуэхэм, яфIэфI шхыныгъуэхэм, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ. Жэуапхэр зэтехуэмэ, ар яльытэрт унагъуэм илъ зэгурыIуэныгъэмрэ абы исхэм яку дэлъ зэхэщIыкIымрэ я нэщэнэу. КьинэмыщIауэ, унагъуэхэр зэпеуэщ щIыпIэм щымыIуэщ1эн папщIэ гъуазэ къызэрагъэтуфыфынущ щIыкIэхэмкIэ, я спорт зэфIэкIхэри яГъэпэгъуащ.

Зэхьэзэхуэр зэфIэкIа нэужь, абы набдзэгубдзапIъэу кIэлъыплъа къэпщытакIуэ гупым текIуэхэр яГъэнэГуащ. УнэтIныныгъэ псомкIи пашэ хъуауэ къалъытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа унагъуэр. Ар и лыкIуэт ВОС-м и Тэрч щIыпIэ къудамэм. ЕтIуанэ, ещанэ уви1п1эхэр къахьащ Краснояркэрэ Краснодаррэ щыщ унагъуэхэм. Апхуэдэу унэтIныныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэжаныкIауэ адрей унагъуэхэми саугъэт хэхахэр ираташ: «Зи мурадым ерыщу хущIэкъу» щIыхь тхылъыр Дагъыстэным щыщ унагъуэм хуагъэфащащ, «ТекIуэныгъэм хуэпабгъэхэр» - Къалмыкъым къикIахэм. «Таурыхъым къызэкIа унагъуэу» ялъытащ Ставрополь крайм щыщхэр. «Зэгурыуэрэ зэдэIуэжрэ» зи цIэ щыIэх тхылъыр лъысащ шэшэн унагъуэм, «Артист унагъуэу» ябжащ Ростов областым щыщ унагъуэ зэчиифIэр.

Зэпеуэм хэта дэтхэнэми фэеплъ тыгъэхэмрэ саугъэтхэмрэ ираташ.

ЖЫЛАСЭ Маритъ.

• Гъуазджэ

Гъащ1эри, лъагъуныгъэри, гушы1эри

зыхыдагъэщIащ ди адыгэ артистхэм

Щоджэнщ1ыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр мы илъэсым купщIафIэу зэрылэжьам щыхьэт техьуэжащ ар пIалъэкIэ щызэхуащIыжьым хуагъэхьэзыра пшыхьыр.

ЦIыХУР фIыуэ плъагъун щыхьэкIэ сыт хуэдиз зэман тебгъэкIуэдэн хуейр? ФIыуэ укъэзэлIалъагъур умылъагъужыну ухуит? А упщIэхэм я жэуапхэрщ «ПСэлъыхъуэхэр» («А при чем здесь Хапал?») спектаклым хэт лIыхъужьхэр бгылъхь ятелъу зылъыхъуэр. ГушыIэшхуэ зыхэлъ пэжьыгъэщ, нэгъэсащ. «Уи бийр си бийщ, си кIуэдыр уи кIуэдащ, къыстелIъхьэ си хьэлъэщ» жызыIэ, и ныбжьэгъум хуэпэж Хьэчыкъи (ролыр щагъэзащIэр КIэбышэ Iэхьедащ) цIыху тKийуэ узыГуплъ Хьэпапи (Мысост Вадим) къыпщохъу ГъащIэм къыкIэрыхуу, цIыху гурыщIэхэм хамыщIыкIауэ. ЩIалитIыр и хьуэрыбзэкIэ я пIэ изыгъэувэж пщащэр (Сусканнэ и ролырщ) Къэбэрдей театрым и актрисэ ныбжьыщIэ Хьэхъупащ1э ФатIимэщ. Спектаклым щыщ пычыгъуэ хьэлэмэт пшыхьым щагъэльэгъуащ.

Илъэс 23-рэ лъандэрэ утыкум щагъэльагъуэ спектаклиI «Гъущ1ым къыхэщIыкIа цIыхубзыр». Бзылъхугъэм ихь къалэныр зыхуэдэр, абы хуэсакъыпхъэу зэрыщытыр и лъабжьэщ абы. Спектаклым щоджэгу Быдэ Хьэсэн, Балъкъэз Валерэ, Тхьэщ1ыгъуэ Жанн, КIэмыргуей Валентин сымэ. КъыхэзгъэщIапхъэщ, «прогрессым» хуэпабгъэ инженер лIым (КIэмыргуей Валентин) зэпкърилъхьа «Гъущ1 цIыхубзым» и зекIуэкIэм (робот щыкIэу) кIыщIащ1эдзауэ и псэлъэкIэм щыщIэкIыжу екIуу, къыхуэт щымыIэу ТхъэщIыгъуей Жаннэ къызэрагъэльагъуэр. Куэдым жаIэрт а ролым абы нэхъэ нэхъыфIу пэлъэщын ульыхъуами гъуэтыгъуей хьуну...

Къэбэрдей театрым иджыблагъэ къехъулIа спектаклыщIэщ Емкъыж Анзор абы щигъэува «БлэкIам къэгъаз иIэкъым» зи фIэщыгъэр. Абы щыщ пычыгъуи епльащ. Закъуэныгъэр зытехьэлъэ, щIалэгъэр зыIэщIэкIа бзылъхугъэм телъ гугъуехьыр зыхэтщIэныжкIэ ЖьакIэмыхъу КIунэ дэтлъагъур къызэрехьулIэр къэIуэтэгъуейщ. Хьэщэ Къэнщобийрэ КIунэмэрэ я джэгукIэм и щэхуэ си щхьэжьэ кIыхьуэгъуэтэнукъым.

Тыкуу кхъуэ «ПIатIушэрэ СатIурэ» спектаклым хэт Щэрмэт Людмилэрэ КIэхуамуэ ФатIимэрэ. Абыхэм я гушыIэкIэр псэхэлъхьэжщ.

Иджыблагъэ ди щIэджыкIакIуэхэр фызэрыщыдгъэгъуэзащи, Налшык къеблэгъэжауэ щыIащ Щукиным и цIэр зерихьу Москва дэт Театр институтым щеджэ ди актёр ныбжьыщIэхэр. Ахэри, я художественнэ унафащI Ворошиловэ Людмилэрэ егъэджакIуэ, актер Сажин Владимирэ я гъусэу, мы пшыхьым и хьэщIат. ХьэщIэ къудейтэкъым, актёрхэм зы гушыIэ кIэщI утыку кърахьащ. Иджыдей зэманым ди хьэгъуэлIыгъуэр зэращI щыкIэр, абы щыщэкIуэ хабзэхэр, нэхъ тебгъэчыныхьэмэ - хабзэншагъэр, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ щалэгъуалэм яIэ Iуэху епльакIэрт этюдым щытепщэр. Къыхэгъэщыпхъэщ мы ныбжьыщIэ гупым япэкIэ, Щукиным и цIэр зезыхьэ Театр институтыр 1975, 1988 гъэхэм къэзыхуауэ щыта ди адыгэ актёр пажэхэм ноби дагъэгушхуэу, лъэпкъ театрым и пщIэр яIэту дызэриIэр (аэхр ирагъэджат егъэджакIуэ цIэрыIуэхэу Каленовский Леонид, Стромов Юрий сымэ). Иджы абыхэм я ужькIэ, бжьыпэр зыбдыдыну зыщIагъэр а Театр институтыр етIэнэгъэ къэзэхуэныну мы щIалэгъуалэ гупырщ. Абыхэм я цIэ-унэцIэр иджыблагъэ ди газетым и зы къыдэжьIыгъэм тетащ.

КъэIуэтэкIэ, зыIыгъыкIэ, зыщIыкIэ - актёр ЩIащ1эм къыщыпхуэсэбэпыну хьэлыфI куэд щIэблэм ирагъэлъэгъуащ актёр нэхъыжьхэм «ЦIыхущ икIи джентльменщ» спектаклымкIэ. Ари илъэс 20-м щIигъуауэ Къэбэрдей театрым къыдэгъуэгурыкIуэ лэжьыгъэ дахэщ, цIыхуэхэм щIамыужэгъури абы щыджэгу актёрхэм я Iэзагъри ягу зэрынэсыр арагъэнщ.

Пшыхьым уэрэд щыжаIащ Музыкэ театрми Къэбэрдей-Балъкъэр филармониеми я уэрэджыкIакIуэхэм, щысащ Къэрал Академическэ ансамбль «Кабардинка»-ри. Лъэпкъ щэнхабзэр, гъуэджэр зхэзэныкъуэ я Iуэхущ1апIэхэр, Щоджэнщ1ыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Адыгэ театрри абыхэм ящIыгъуу, гъащIэм декIуу лэжьэну ди гуапэщ, ахэр дызэрыгушхуэщ, дызыхуэзыхьыщ. Къэбэрдей театрым и лэжьыгъэр бжьыхьэ пщIондэ зэпегъэу. А пIалъэр хьэсу лэжьэн щщIидзэжьынум дыпэплъэнущ, сыт и лъэныкъуэкIи ефIэкIуауэ и Iупхъуэр зыщIэуихьыжьну дыщцыгъуэщ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

• КъБР-м и Пенсэ фонд

Мазэ къэс сом 1200-рэ

ЗыхулъэмыкIыж цIыхухэм мылажьэу якIэлъыплъхэм мазэ къэс ахъшэ зэрыхухах хабзэхэр 2007 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 4-м Урысей Федерацэм и Правительствэм къыдигъэкIа Унафэ №343-мкIэ къащтащ.

АБыХЭМ япкъ иткIэ, УФ-м и щIыналъэм щыпсэууэ яп э гуп зиIэ жьы хъуа ядыкъуэгъэр, илъэс 18 мащIэ ныкъуэдыкъуэхэр, зи ныбжьыр хэкIуэтауэ щеIэзэ Iуэхущ1апIэм и тхылъкIэ зыпымыIуэу зыкIэлъыплъхэр е илъэс 80-м нэблэгъаэр зезыхьэу зэрымылажьэм щхьэкIэ пособие зрамытхэм мазэ къэс сом 1200-рэ хухах.

Пенсионерым зэрыкIэлъыплъам хуэдэу лэжьэгъуэ ныбжьым итхэр Iэнатlэ уваМэ, махуи 5 пIалъэм ядыбдэу Пенсэ фондым и щIыналъэ Iуэхущ1апIэхэм абыкIэ хъыбар ирагъэщIэн хуейщ. Армырамэ, зэрызэрахьэм щхьэкIэ мазэ къэс пенсионерым хуэхах ахъшэм щхьэщытыкIыр хагъэхьыжынущ.

УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

• Ди хабзэ дахэхэр

Лъэ быдэкIэ дунейм тетыну

Тэрч щIыналъэм хьыхь Инарыкъуей къуажэм щыпсэу Уанащ1эхэ Анзоррэ Индирэрэ я пщIантIэ хуитым балигъри сабийри дэзт а махуэм. Хъыджэбз дахэ цIыкIуитI нэхъапэIуэкIэ зыгъуэтауэ щыта зэщхьэгъусэхэм. Хьэр къаззэрыхуэупсэжа щIалэ цIыкIурт Iуэхур зытещIыкьар. Бегъымбар пIалъэм и щIэр - Мухьэмэдщ - зыфIаща сабийм яп э лъэбакъуэр ичати, нэхъыжьхэм я жэрдэмкIэ абы хуащIырт къъуейплъыжькIэрыщIэ.

АДЫГЭХЭМ игъащIэми къадокIуэкI а хабзэ дахэр, арщхьэкIэ иужьрей эзманым ар къезыхьэжьэжыр мащIэщ. Апхуэдэ зэхьыхь куэд лъандэрэ зэрамылъэгъуам къызэкIыу, кхъуейплъыжькIэрыщIэм хэтыну гукъыдэж зиIэхэр мащIэтэкъым.

Iуэхур яубла нэужь, дагъэкIэ ягъэнщIа кIапсэшхуэм дэпщейуэ абы фIэлъ тыгъэхэр къыфIэзызыну хуейхэр абы ихъуреягъкIэ зэхуэсащ. Лъагэу фIэщIа шар гъэпщагъэм ярылъ хьэпшыпхэр нэрылъагъущэтэкъыми, зэпеуэм хэлъ хьэрхуэрыгъэр нэхъри зэщIигъапIъэрт, абы хэт щIалэ цIыкIуэм я жанагъымрэ ерыщагъымрэ хигъахъуэу. Ахэр чэзуэрэ кIапсэм дэпщейрт, арщхьэкIэ зи кIэн къикIыр мащIэт: хэти нэмысыфу къещIэнтхъуэхьжьырт, адрейхэри, и щхьэкIэ дыдэм нэсами, Iэрпхъуэрэрэ къолъэж, я мурадым нэмысу. Апхуэдэжьм деж ихъуреягъкIэ къыщIоу дыхьэшх макъ жьгъыруху, Iэгуауэ иныр, пшынэ макъ екIур. КIапсэм и щхьэ дыдэм нэсу абы фIэлъ саугъэтхэм ящыщ яп э къыфIэзызыфар мы гъэм 7-нэ классым кIуа Мэшыкъуэ Сосланщ. Ар гуфIэгъуэр зей унагъуэм я Iыхьлыщ, Акъбаш Ищхьэрэм щыщщ. Абы иужькIэ я насып кIыкIащ нэгъуэщI ныбжьыщIэ зыбжанэми. ЩIалэ цIыкIуэм къыфIана кхъуей плъыжьышхуэр, саугъэт нэхъыщхьэр зэрыльыр, къыфIихьыжащ Уанащ1э Iэдэм.

Лъагэу фIэщIа саугъэтхэмрэ тыгъэмрэ ящыщу зы кхърахьэхыу, нэхъыжьхэр екъуэхъуэт екъуэлIэныгъэ зэзыгъэгъуэта щIалэщIэм, ар хэтхэ ящыщми, дэнэ кIикIами зрагъащIэрти гуапэу зыхуагъаззэрт: «Афэрыш, щIалэфI! Хьэт жегъэIэ! Уи насып нэхъыбэ ухы!».

КъъуейплъыжьжьэщIэм екъуэлIа даудапщэхэм пащащ утыкум кIыхьа цIыкIуэм. Ахэр я гъэсэныгъэм дэт сабий садым и лэжьакIуэхэу Тап Светланэрэ Жылау Ларисэрэ. ЦIыкIуэр къэфащ, сабий уэрэдхэр яГъэзэщIащ, усэхэм къеджащ, къуажэжьхэр къэщIэнымкIэ, псынщIэрпсалъэхэр зэрыуэу жьIэнымкIэ зэпеуащ.

ГуфIэгъуэм кхърихьэлIахэм папщIэ адыгэ уэрэдхэр екIуу игъэзэщIащ Хьэтыхъу Вадим. ХьэщIэхэми хэгъэрейхэми хуабжьу ягу ирихьащ Уанащ1эхэ я пхъурылъху Ильянэ цIыкIу. Абы къафэ зэмылIэужьыгъуэхэр игъэзэщIащ, къызэхэсахэм я Iэгуауэшхуэм щIэту.

- Уанащ1эхэ ди гуфIэгъуэм зыкърезыгъэхьэлIэу ар къыддэзыIыгъа, тхуэзыгъэдэха псоми фIыщIэ ин фхудощ, - жаIащ нэхъыжьыфIхэу Уанащ1э Мухьэрбийрэ ЩхьэнокъуэТолэрэ. - КъъуейплъыжькIэрыщIэр къыщIыгъэррагъэпэща сабийр узынышэу, къызыхэкIа Iэпкъым хуэфащуэ дунейм тетын, адыгэм и цIэр фIыкIэ зыгъэIуэн, жьлэр дызэрыгушхуэн, и адэ-анэр зэрыпэгэн цIыху Тхьэм ищI!

Мы дуней дахэм зы илъэс къыщызыгъэщIа Уанащ1э Мухьэмэд цIыкIу и гъащIэр кIыхь хъуну, узынышэу, бэIутIэIунщэу куэдрэ псэну ди гуапэщ. А сабийм и цIэкIэ уанагъуэм къызэрагъэпэща кхъуейплъыжькIэрыщIэрэ пхъэпкъым, къуажэм яхуэгъуэрлы хъуну ди гуапэщ.

ХЪЫМБЭЗЭР Рашид.
Инарыкъуей къуажэ.



Уанащ1э Индирэ и къуэ цIыкIу Мухьэмэд иIыгъыу.

МафIэсым щахъумэ

**Сабийхэр школым, цIыкIуэхэр садхэм щымыкIуэ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр мафIэс нэхъыбэ хъыбарыжьыр лъэхъэнэщ. ЦIыкIуэхэр зэрызэранымкъуэхэ, гъэмахуэ мазэ хуабэхэм мафIэсхэр къэмыгъэхъунымкIэ хуэунэтIа Iуэхугъуэхэр республикэм щрагъэкIуэкI. Абыхэм ящыщщ КъБР-м МафIэсым пщIэтынымкIэ и къэрал Iуэхущ1ап1эм и лэжьакIуэхэм Налшык къалэ Гор

ИЗБИРАТЕЛЬНАЯ КОМИССИЯ КАБАРДИНО-БАЛКАРСКОЙ РЕСПУБЛИКИ
ПОСТАНОВЛЕНИЕ

26 июня 2014 г. *№79/8-5* *г. Нальчик*

Об Инструкции о составлении, уточнении и использовании списков избирателей на выборах депутатов Парламента Кабардино-Балкарской Республики пятого созыва

На основании пункта 10 статьи 23 Федерального закона от 12 июня 2002 года №67-ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», статей 13, 14, 15 Закона Кабардино-Балкарской Республики от 05 августа 2008 года №56-РЗ «О выборах депутатов Парламента Кабардино-Балкарской Республики», Избирательная комиссия Кабардино-Балкарской Республики **постановила**:

1. Утвердить Инструкцию о составлении, уточнении и использовании списков избирателей на выборах депутатов Парламента Кабардино-Балкарской Республики пятого созыва (прилагается).

2. Признать утратившим силу постановление Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики от 31 октября 2008 года №32/12-7 «Об Инструкции о составлении, уточнении и использовании списков избирателей на выборах депутатов Парламента Кабардино-Балкарской Республики четвертого созыва»

3. Опубликовать настоящее постановление в средствах массовой информации, разместить в сети Интернет на сайте Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики.

Председатель Избирательной комиссии В. М. Гешев
Секретарь Избирательной комиссии И. А. Атмурзаева

УТВЕРЖДЕНА
постановлением Избирательной комиссии
Кабардино-Балкарской Республики от 26 июня 2014 г. №79/8-5

ИНСТРУКЦИЯ

о составлении, уточнении и использовании списков избирателей на выборах депутатов Парламента Кабардино-Балкарской Республики пятого созыва

1.Общие положения

1.1. Настоящая Инструкция разработана в целях реализации конституционных прав граждан избирать депутатов Парламента Кабардино-Балкарской Республики.

Правовой основой Инструкции являются Конституция Российской Федерации и Конституция Кабардино-Балкарской Республики, Федеральный закон «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», Федеральный закон «О государственной тайне», Федеральный закон «О персональных данных», Закон Кабардино-Балкарской Республики „О выборах депутатов Парламента Кабардино-Балкарской Республики», иные федеральные и республиканские законы, нормативные правовые акты Центральной избирательной комиссии Российской Федерации и Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики.

1.2. На выборах депутатов Парламента Кабардино-Балкарской Республики активным избирательным правом обладают граждане Российской Федерации, достигшие возраста 18 лет, место жительство которых находится в пределах Кабардино-Балкарской Республики и не содержащиеся в местах лишения свободы по приговору суда и не признанные судом недееспособными.

1.3. В списки избирателей включаются граждане Российской Федерации, обладающие на день голосования активным избирательным правом, в соответствии с пунктом 1.2 настоящей Инструкции.

Избиратель может быть включен в список избирателей только на одном избирательном участке.

При выявлении факта включения избирателя в список избирателей на разных избирательных участках территориальная избирательная комиссия (далее - территориальная комиссия) проводит работу по устранению ошибки или неточности в списках избирателей до их передачи в участковые избирательные комиссии (далее - участковые комиссии). С этой целью территориальная комиссия направляет запросы в органы, осуществляющие регистрацию актов гражданского состояния, органы, осуществляющие выдачу и замену документов, удостоверяющих личность гражданина, органы регистрационного учета граждан, военные комиссариаты либо в суд в соответствии с их компетенцией.

1.4. При реализации избирательных прав гражданином может быть использован паспорт гражданина СССР образца 1974 года в следующих случаях:

если в нем указано гражданство Российской Федерации;

либо имеется вкладыш, свидетельствующий о наличии гражданства Российской Федерации;

либо имеется штамп прописки по месту жительства, подтверждающий постоянное проживание на территории Российской Федерации на 6 февраля 1992 года.

1.5. Списки избирателей составляются территориальными комиссиями, а в случаях, предусмотренных законом – участковыми комиссиями по форме согласно приложению №1 к настоящей Инструкции.

1.6. Список избирателей представляется участковой комиссией избирателям для ознакомления и дополнительного уточнения за 10 дней до дня голосования.

1.7. Применяемые для целей настоящей Инструкции термины и понятия означают:

место жительства - жилой дом, квартира, служебное жилое помещение, специализированные дома (общежитие, гостиница-приют, дом маневренного фонда, специальный дом для одиноких престарелых, дом-интернат для инвалидов, ветеранов и другие), а также иное жилое помещение, по адресу которого гражданин Российской Федерации зарегистрирован по месту жительства органами регистрационного учета граждан Российской Федерации по месту пребывания и по месту жительства в пределах Российской Федерации (далее - органы регистрационного учета граждан), что подтверждается отметкой в паспорте гражданина Российской Федерации (далее - паспорт.)

место пребывания - место пребывания - не являющееся местом жительства гражданина жилое помещение, по адресу которого гражданин зарегистрирован по месту пребывания органами регистрационного учета граждан, о чем выдано свидетельство о регистрации по месту пребывания;

1. Отказать в заверении списка кандидатов в депутаты Парламента Кабардино-Балкарской Республики пятого созыва, представленного Региональным отделением в Республике Кабардино-Балкария Всероссийской политической партии «ЗАЩИТНИКИ ОТЕЧЕСТВА».

2. Направить настоящее постановление в Региональное отделение в Республике Кабардино-Балкария Всероссийской политической партии «ЗАЩИТНИКИ ОТЕЧЕСТВА».

3. Настоящее постановление разместить в сети Интернет на сайте Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики.

Председатель Избирательной комиссии В. М. Гешев
Секретарь Избирательной комиссии И. А. Атмурзаева

ИЗБИРАТЕЛЬНАЯ КОМИССИЯ КАБАРДИНО-БАЛКАРСКОЙ РЕСПУБЛИКИ ПОСТАНОВЛЕНИЕ

11 июля 2014 г. №81/27-5 г. Нальчик

Об освобождении от обязанностей члена Эльбрусской территориальной избирательной комиссии с правом решающего голоса Кардановой Татьяны Петровны

В соответствии с подпунктом «а» пункта 6 статьи 29 Федерального закона от 12 июня 2002 года №67-ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», пунктом «е» статьи 2 Закона Кабардино-Балкарской Республики от 18 февраля 2003 года №23-РЗ «Об Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики», пунктом «а» части 2 статьи 4 Закона Кабардино-Балкарской Республики 8 января 2003 года №1-РЗ «О территориальных избирательных комиссиях в Кабардино-Балкарской Республике», Избирательная комиссия Кабардино-Балкарской Республики **постановляет**:

1. Освободить от обязанностей члена Эльбрусской территориальной избирательной комиссии с правом решающего голоса до истечения срока полномочий на основании личного заявления Карданову Татьяну Петровну, предложенную Региональным отделением политической партии СПРАВЕДЛИВАЯ РОССИЯ в Кабардино-Балкарской Республике.

2. Объявить о приеме предложений по замещению вакантного места в составе Эльбрусской территориальной избирательной комиссии.

3. Утвердить текст информационного сообщения Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики (прилагается).

4. Настоящее постановление опубликовать в средствах массовой информации и разместить в сети Интернет на сайте Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики.

Председатель Избирательной комиссии В. М. Гешев
Секретарь Избирательной комиссии И. А. Атмурзаева

Приложение

УТВЕРЖДЕНО постановлением Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики от 11 июля 2014 года № 81/27-5

Информационное сообщение о приеме предложений по кандидатуре члена избирательной комиссии с правом решающего голоса в состав Эльбрусской территориальной избирательной комиссии на вакантное место

ИЗБИРАТЕЛЬНАЯ КОМИССИЯ КАБАРДИНО-БАЛКАРСКОЙ РЕСПУБЛИКИ

В связи с досрочным прекращением полномочий члена Урванской территориальной избирательной комиссии с правом решающего голоса, руководствуясь пунктом 6 статьи 26 Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», Избирательная комиссия Кабардино-Балкарской Республики объявляет прием предложений по кандидатуре для назначения нового члена Эльбрусской территориальной избирательной комиссии с правом решающего голоса.

Прием документов осуществляется в течение 5 дней со дня опубликования настоящего сообщения по адресу: КБР, г. Нальчик,
пр. Ленина, д. 27, каб.151, тел. 40-64-96, 40-26-88.

Избирательная комиссия Кабардино-Балкарской Республики

ИЗБИРАТЕЛЬНАЯ КОМИССИЯ КАБАРДИНО-БАЛКАРСКОЙ РЕСПУБЛИКИ ПОСТАНОВЛЕНИЕ

11 июля 2014 г. №81/28-5 г. Нальчик

Об освобождении от обязанностей члена Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики с правом решающего голоса Джаппуева Муссы Хисаевича

В соответствии сподпунктом «а» пункта 6 и пунктом 10 статьи 29 Федерального закона от 12.06.2002 года №67-ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», Избирательная комиссия Кабардино-Балкарской Республики **постановляет**:

1. На основании личного заявления прекратить досрочно полномочия члена Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики с правом решающего голоса Джаппуева Муссы Хисаевича, назначенного с состав Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики Парламентом Кабардино-Балкарской Республики четвертого созыва.

2. О принятом решении проинформировать Парламент Кабардино-Балкарской Республики.

3. Настоящее постановление опубликовать в средствах массовой информации и разместить в сети Интернет на сайте Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики.

Председатель Избирательной комиссии В. М. Гешев
Секретарь Избирательной комиссии И. А. Атмурзаева

ИЗБИРАТЕЛЬНАЯ КОМИССИЯ КАБАРДИНО-БАЛКАРСКОЙ РЕСПУБЛИКИ ПОСТАНОВЛЕНИЕ

11 июля 2014 г. №81/29-5 г. Нальчик

Об освобождении от обязанностей члена Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики с правом решающего голоса Текушева Артура Александровича

В соответствии сподпунктом «а» пункта 6 и пунктом 10 статьи 29 Федерального закона от 12 июля 2002 года №67-ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», Избирательная комиссия Кабардино-Балкарской Республики **постановляет**:

1. На основании личного заявления прекратить досрочно полномочия члена Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики с правом решающего голоса Текушева Артура Александровича, назначенного с состав Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики Парламентом Кабардино-Балкарской Республики четвертого созыва.

2. О принятом решении проинформировать Парламент Кабардино-Балкарской Республики.

3. Настоящее постановление опубликовать в средствах массовой информации и разместить в сети Интернет на сайте Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики.

Председатель Избирательной комиссии В. М. Гешев
Секретарь Избирательной комиссии И. А. Атмурзаева

ИЗБИРАТЕЛЬНАЯ КОМИССИЯ КАБАРДИНО-БАЛКАРСКОЙ РЕСПУБЛИКИ ПОСТАНОВЛЕНИЕ

13 июля 2014 г. №82/1-5 г. Нальчик

Об исключении кандидатов в депутаты Парламента Кабардино-Балкарской Республики пятого созыва из списка кандидатов, представленного Кабардино-Балкарским региональным отделением политической партии «ПАТРИОТЫ РОССИИ» для заверения

В соответствии с пунктом 14 статьи 35 Федерального закона от 12 июня 2002 года №67-ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», частью 6 статьи 29 Закона Кабардино-Балкарской Республики от 5 августа 2008 года №56-РЗ «О выборах депутатов Парламента Кабардино-Балкарской Республики» и в связи с отсутствием документов кандидата, предусмотренных пунктами 3, 3.1. статьи 33 Федерального закона от 12 июня 2002 года №67-ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», Избирательная комиссия Кабардино-Балкарской Республики **постановляет**:

1. Исключить из списка кандидатов в депутаты Парламента Кабардино-Балкарской Республики пятого созыва, представленного Кабардино-Балкарским региональным отделением политической партии «ПАТРИОТЫ РОССИИ» для заверения следующих кандидатов: Нагоева Казбека Хачимовича (№20), Шокарова Артура Кашифовича (№21), Абазокову Ляну Аслановну (№24), Ахаева Каншобия Ибрагимовича (№27), Саблирова Руслана Хажмуридовича (№28).

2. Настоящее постановление опубликовать в средствах массовой информации и разместить в сети Интернет на сайте Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики.

Председатель Избирательной комиссии В. М. Гешев
Секретарь Избирательной комиссии И. А.Атмурзаева

«Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ Аттаев Жэмал 70

Хэкупсэ нэс

Илъэс 15-м щIигъуауэ ныбжьэгъу пэжу, лэжьэгъу емызэшу къызэрыгуэгурыкIуэ зи ныбжьыр илъэс 70 ирикъу цIыху гъуэгуанэ, «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ Аттаев Жэмал. Абы лэжьыгъэм хуиIэ бгъэдыхьэкIэмрэ зи ужь ихьэ Iуэхур къызыхуэтыншэу зэрызэфIихьмрэ къагъэлъагъуэ. щIэныгъэфIрэ акъыл жанрэ зэрыбгъэдэлъыр.

Аттаевыр 1944 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м КъыргызыстI ССР-м къыщалъхуащ. Къэзахъ къэрал университетым журналистикэмкIэ факультетыр къыщиухащ, апхуэдэуи Естественнэ щIэныгъэхэмкIэ академиеу КПСС-м и ЦК-м деж щыIэм и Iэзагъым щыхигъэхъуащ. Лэжьыгъэ Iэнатlэ щыпэрыхьар Къэзахъстанращ, къуфыкъу зыбжанэм пэрытауэ, 1979 гъэм и адзжь хэкум, Къэбардей-Балъкъэрым, къигъэзэжри, Тырныауэ къалэ газетым и редактору, КПСС-м и Тырныауэ къалэ комитетым и къудамэм и унафэщIу лэжьащ. IтIанэ партым и обкомым и къудамэм и Iэтащхьэуи щытащ.

«Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэу зы илъэскIэ лажьэри, 1998 гъэм щыщIэдзауэ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я нэIэ щIэту къыдэкI «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэу ягъэувауэ, а кIуныкъур нобэ къыздэсым ирехьэкI.

ХьэлкIэ зэпIэзэрыт, акъыл зэтеубыда зиIэ лъэпкъ интеллигенцэм и курыхъэм ящыщу Жэмал. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, сыт хуэдэ лъэпкъми хэтщ езыр кIызыхэкIар псоми яхигъэфIыкIрэ адрейхэр игъэпуду. Апхуэдэхэм къагурыIуэркъым лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр зэракъутэр, республикэм и зэкъуэтыныгъэр къызэрагъэтIасхьэр, зэпэщIэтыныгъэм лъабжьэ зэрыратыр. ЗэгурыIуэныгъэмрэ зэрылъытныгъэмрэ япэ изыгъэщ, жьыжьэ гупсысэф цIыхуэхэм ящыщу Аттаевыр икIи ар Къэбардей-Балъкъэр Республикэм щытыкIэ зэпIэзэрыт щыIэным, зэгурыIуэныгъэ илъыным быдэу иужь итщ.

Газет Iуэхум нэмыщI, Жэмал жыджэру хэтщ ди лъахэм щекIуэкI жылагъуэ-политикэ гъащIэм. Къапщтэмэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и Iэтащхьэм и къуэдзэщ, иджыпсту абы и унафэщIым и кьалэнхэр егъэзащIэ, къишьмышIауэ, КъБР-м и Iэтащхьэм деж щыIэ Жылагъуэ советым хэтщ. Абы и лъэныкъуэкIи зи Iэхъум фIыуэ хэзыщIыкI, ищIэнымрэ жиIэнымрэ сыт щыгъуи хуэхьэзыр цIыхуэ ар. Аттаевыр зэIущIэ къыщыщыпсалъэкIэ мыхъумыщIагъэ гуэр е Iуэхум щымыщ къызэрыхимылъхьэнуми, еплъыкIэ мытэрэз утыку къызэрымыхьэнуми шэч къытумыхьэжу апхуэдэщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, и гупсысэр зэпэщэчащ, и IуэхущIафэкIи къызэхуэтынщэщ. И дуней тетыкIэкIи апхуэдэщ си ныбжьэгъур - ар жиIам тебгъуэтэж, цIыхур къызэригъэгурар и чэзум зыгъэзащIэ лIы щыпхъащ.

Парт лэжьакIуэу, журналисту, политикэ Iуэхуми кууэ хищIыкIыу къызэрыгъэгурыкIуар дипломат нэс къищIыкIынымкIэ сэбэн хъуащ. КъБР-м къэрал щIыб зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министрым и япэ кIуэдзэу щыпэжьа лъэхъэнэм нэгъуащI щыпIэ кIыкIа куэд къригъэблэгъащ абы, ди республикэм и беягъыр, и зыужьныгъэр, и щыпIэ дахэхэр иригъэльагъуэн хуей хъуащ. Апхуэдэхэм деж хъащIэхэм гъуэз хуащIыр Iэхъум фIыуэ хэзыщIыкI цIыху гъэса, губзыгъэ, зэпIэзэрытхэращ. Жэмал абыкIэ утекIуэнукъым, къищынэмыщIауэ, дэтхэнэ цIыхури къыдихьэхыфрэ бгъэдыхьэкIэ тэмэм къыхуигъуэтыфу апхуэдэщ.

Зы щыщIэныгъащ сэ сигу кьеуэу Жэмал иIэр. Апхуэдиз илъэскIэ журналистикэм хэтауэ зы тхылъ зэримыгъэхьэзырращ. Е и гукъэкIыжкэр иту, е и Iэдакъэщ Iэкlэр щызэхуэхьэсауэ тхылъ кьыдигъэкIыныр сфIэигъуэт а цIыху зэчиифIэм. КъыкIэлъыкIуэ юбилейм ар игъэзэкIуэжыну сыхуейщ. Къэзахъстаным кьызэрыщыхъуар, хэкум къызэригъэзэжар, республикэм кьулыкъу лъагэхэм зэрыщыпэрытар, нэгъуэщI гъэщIэгъуэн куэди цIыхубэм я пащхьэ къырихьэфыну кьысщэхури, аращ тхылъкIэ сыщIыхуэхъуапсэр.

Зэрыс къэралми, къыщалъхуа республикэми я хэкупсэ нэс, абыхэм я зыужьныгъэмрэ ефIакIуэныгъэмрэ зи кьару хэзыльхьэ, лъэпкъ зэгурыIуэныгъэм и телъхьэ си ныбжьэгъум и махуэшхуэм ирилъхьIэу сехъуэхъуну сыхуейщ и унагъуэ дахэм гурыфIыгъуэр щыкуэду, и хъыджэбзитIыпмрэ и щIалэ закъуэмрэ я насыпым иригушхуэу, и щхьэгъусэ Кларэ и гъусэу иджыри илъэс бжыгъэ куэд узынщэу къиГъэщIэну!

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,
«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбардей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

КъБР-м Печатымрэ информацэмкIэ и министерствэм щекIуэкI зэIущIэм хэтщ (*ижьымкIэ къыщыщIэдзауэ*) Къудей Владимир, Аттаев Жэмал, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Тхьэмокъуэ Барэсбий, Ляпин Николай сымэ.

Жылагъуэ палатэм хэтхэу Сэхъуокъуэ Хьэутий, Темыркъан Борис, Аттаев Жэмал, Иуан Пётр.

Дыщэ плъыжь

АПХУЭДЭУ кьытхуиухри, лъэпкъыр хэкум ирагъэкIа нэужь, Кьыргызыз щIыналъэ дыздагъэкIуам Жэмалрэ сэрэ ди унагъуэхэр зы кьуажэ кьудей мыхъуу, зы уэрамми зэдытесащ. Ди адэ-анэхэр псэм хуэдэу зэрыльагъухэрт, жьыжьэуи дыззэмыблагъэ пэт. Ауэ, зэрыжаIэщи, благъэ жьыжьэ нэхърэ гъунэгъу благъэр нэхъыфIщ. Гуауэр зэдагуэшыху, хамэхэри Iыхьлы хуэдэу зэпэгъунэгъу хъурт а зэманым.

Жэмал и адэ-анэр гугъэр зи гум илъхэм ящыщт, гуащIэхами пэжыр кьызэрыщIэщыжынур я фIэщ хъууэ. Кязим щэджащэм и уэсятым тетт ахэр. «Нобэ дыкъезыгъэлынури, дызыгъэшэнури, дызыхуэпэнури, фэ кьыттезыгъэуэнури, ди псэр щыхэкIкIэ дгъэуэтыжынури лэжьыгъэращ»,- жиIэрт а лIы махуэм. Нобэ Жэмал и адэ-анэр псэужамэ, я щхьэр лъагэу щIэIэтын кьуэ кьаззрыщIэхъуам щыгуфIыкIыну кьалэжьат.

Дэ ди унагъуэр нэхъ пасэу кьэкIуэжащ. Илъэс бжыгъэ дэкIыу, езыри журналист хъуауэ япэ дыщызэхуэзэжам Аттаевыр Къэзахъстаным КП-м и ЦК-м и журналым и къудамэм и унафэщIу щылажьэрт. ЕджакIуэ сызадгъэкIуа ЦIыхубэ щIэныгъэхэм я Академием Къэбардей-Балъкъэрым щыщу щеджэхэр шей егъэфэну зы пщыхьэщхьэ къезгъэблагъат. Си хьэщIэхэм сахопльэри, зы щIалэ кьудан яхэтщ Къэзахъстаным щыщу, зыщIыпIэ щысльэгъуауэ пIэрэ жызигъэIэу. Соплъыпэри, ди хьэблэ щIалэр кьызоцIыхуж. Ижькъ, «Горняцкая слава» газетыр кьызэрагъэпэщыжын я мураду, хэт зэрихьэфыну пIэрэ щыжаIэм, екъулIэныгъэкIэ Академиер кьэзыуа Жэмал сигу кьэкIыжри Мэлбахъуэ Тимборэ ар хуэгъэпсыгъэ. АфIэкIа зэмылпу лIыщIхьэр Къэзахъстаным и парт секретарь Джанибековым иольэIу парт лэжьыгъэ иратыну Жэмал кьытхуигъэкIуэжыну. Аттаевыр я адэ-анэм я хъыбарэмкIэ фIэкIа имыцIыху Къэбардей-Балъкъэрым къэкIуэжри, Тырныауэ кьыщыдэкI «Горняцкая слава» къалэ газетым и унафэщI хуауэ щытащ афIэкIа хэмылъу.

Лъэужьыфl Аттаевым кьыщигъэнащ Къэбардей-Балъкъэрым и обкомым идеологиемкIэ и къудамэм щыщылэжьам щыгъуи. КIыкIуэт имылъу, щIэныгъэкIэ уэздауэ, кьеныкьуэкьуами, кьыжьрафэн ямыгъуэтыжу ар лэжьащ. А зэманым хуиту псалъэхэр мащIэт. Партым и кьару илъыгъуэм загъэгубзыгъуэ утыку итахэр кьуэгъэзнапIэ фочауэх хъужат. Жэмалщи, сыт хуэдэ утыкуи пщIэрэ щхьэрэ иIэу кьикIыжырт. Абы и псалъэр кIэщIт, нахуэт, купщIафIэт. Эльбрус районым лъэхъэнэр щымытынышм и унафэщIу щыщылэжьами, «Заман» газетым и унафэщIу зэрытетри республикэм кьыхуэщхьэпа Iуэху куэд зэфIигъэкIащ абы. Арауэ кьысфощI КIуэкIуэ Валерий абы дэлэжьэныр кьыщIыхихари.

Лижьгъуэ кIуам и 90 гъэхэм дыщызэдлажьэм дызыхэта лъэхъэнэр зыхуэдамрэ ди лэжьэкIамрэ теухуауэ газетеджэхэм садэгуэшэну сигу кьихьащ, си ныбжьэгъу аикIи си лэжьэгъу Аттаев Жэмал илъэс 70 зэрырикъуам кьалэмыр кьыхуэсщтэу сытхэну сыщытIысащ.

А зэманым сэ ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахьуэ институтым и ректору сылажьэрт. Америкэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я лъэIуфIэ Нью-Йорк сыкIуэн хуэй хъуащ зэгуэрым. Абы сыщыIэу, 1992 гъэм и щышылэ мазэм, зэхэзох Къэбардей-Балъкъэрым и япэ Президенту КIуэкIуэ Валерий хахауэ. ЩышылэмкIи ди гум сыкъокIуэжри IэнатIэм сыпэроувэж. Мазаем и кIэхэм зыгуэр телефонкIэ нопсалъэри, Президентым и деж срегъэблагъэ. Псалъэмакъ екIуэкIымкIэ гурыIуэгъуэ мэхъу щIэуэ яухуэ Правительствэм ЛъэпкъIуэхуэмрэ республикэ щIыб зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэщIэ зэрыхагъэхьэр.

«Мы IэнатIэм теувэну зыхуэзэшIэфэщэж ди куэдщ, ауэ уи Iэщ Iагъэмрэ щIэныгъэмрэ деплъри, уэ нэхъ пхуэфащэу кьытщыхъуащ, дауэ уеплърэ?» - жи КIуэкIуэм.

Президентым фIыщIэ хуэсщIащ дзыхь кьызэрыскъуищIам щхьэкIэ, ауэ министерствэм и щIэм тIэкIу сыкъебгъэуIэбжь жысIащ, вымрэ шымрэ зэгъусэу щIэпщIэмэ, зэдекъуфынкъым. Си Iуэху еплъыкIэм кьедаIуэри, «Захуагъащ, - жиIащ абы, - ар унафэр кьыщытщтэкIэ кьыхэплъхьэнщ. Иджыпстукlэ ухуитщ узыдэлэжьэнухэр кьыхэпхыну». Апхуэдэу 1992 гъэм гъатхэпэм и 11-м Президентым и унафэкIэ республикэ щIыб Iуэхухэмрэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ министерствэм и унафэщIу сагъэуващ. Псом япэ кьуэдзэ схуэхъунухэм сыльыхъуэн щIэздзащ. Теувэну зи нэ кьикIыр куэдми, Iуэхум хэзыщIыкIрэ лэжьэфынрэ сымыIэу хъунутэкъым, иджыри кьэс республикэм щымыIа Iуэхущ Iапlэм и кьалэн игъэзащIэн папщIэ. Iуэхум зэрыхэщIыкIым нэмыщI, я хьэл-щэнкIи Iэнатlэм хуэфащэн кьэсльыхъуэрт. Слъагъурэ зэхэсхымрэ зэхуэсхьэсыжри Аттаевымрэ Пелипенкэрэ кьыхэсхащ.

Жэмал а зэманым «Кабардино-Балкарская правда» газетым и унафэщIым и кьуэдзэу лажьэрт. ХъыбаркIэ фIэкIа сцIыхуртэкъым, ауэ сигу кIэрызыгъэпщIэн защIэт зэхэсхыр, сыт и лъэныкъуэкIи цIыху кьабзэу жаIэрт сызэупщIу хъуам.

Си пэшым ар япэу ныщыщIыхьам, бгырыс лIы бжьыфIэ си пащхьэ кьихуащ, зэ Iулпъэгъуэм дзыхь зыхууигъэщIу. Сепсэлъэн щIэздзэри, и щIэныгъэм арэзы укъэзыщIт, республикэм щекIуэкI жылагъуэ гъащIэрэ тэмэму кьыгурыIуэу.

Апхуэдэу Аттаев Жэмал, президентри аукьылэгъу кьыздэхъри, си япэ кьуэдзэ сщIат. Ди министерствэм и кьалэныр республикэм и сбэп зыхэль зэпыщIэныгъэхэр кьызздгъэпэщыныр арат. Дэфтэрхэм делэжьурэ, унафэ зыбжанэ кьэтщтащ Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм Къэбардей-Балъкъэрыр зэрадэлэжьэным теухуауэ. АдэкIэ, Кавказым дикIри, Мэзкуу, Бытырбыху, Ярославскэ, Волгоградскэ, Смоленскэ областхэм, нэгъуэщIхэми даззэрыпъэIэсыну щыкIэр дубзыхуащ. 1992 гъэм кьэхъуэ зэщIэхъеныгъэхэм яужькIэ министерствэр комитетитI итщыкIащ: Лъэпкъ Iуэхухэмкlэ къэрал комитетэр Республикэ щIыб зэпыщIэныгъэхэмкIэ министерствэрэ. А лэжьыгъэ псоми Жэмал жыджэру хэтащ. Журналист Iэзэу зэрыщытым и фIыгъэкIэ, дэфтэрыщIэ щыдгъэхьэзырхэм и деж мычэму хэлыфIыхьащ. Сыт хуэдэ Iуэху пщымыхьами, нэгъэсыпауэ игъэзащIэрт, лъэпощхьэпохэм и гур фIамыгъэкIуэду.

Жэмал щызигъусащ хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм запытщIэн папщIэ дыздэкIуа щIыпIэхэмми. Сирием, Иорданием, Тыркум, Кипрым, Болгарием, Канадэм, США-м, Сауд Хьэрпыим ди лъэр нэсащ. А къэралхэм ядэдуэуа зэгурыIуэныгъэхэм сыт щыгъуи Аттаевыр жыджэру хэлэжьыхьащ.

Нобэ Жэмал «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэщ. Си гугъэмкIэ, ар псыр зыгъуэтыжа бдзэжьейм хуэдэщ иджы, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Тхьэм кърита Iэзагъ жыхуаIэм хуэдэ и журналист лэжьыгъэм кьыщегъэлъагъуэ, балъкъэрыбзэкIи урысыбзэкIи и къалэмыр зэи игъэлъэпэрапэркъым.

Псы куэд екжакщ дэ дыззрыздэлажьэрэ. Ауэ, зэрыжаIэу, «Ныбжьэгъуэгъэ жьы хъурдыкъым». Си гуапэщ Жэмал и илъэс 70-р узынщэу,ефIакIуэу, Жылагъуэ палатэм и унафэщым и кьалэныр пIалъэкIэ игъэзащIэу кьыззрыригъэхьэр. Гурэ псэкIэ сохъуэхъу узынщагъэрэ екъулIэныгъэрэ иIэу псэуну, и Iэнатlэми Iэщ Iагъэми гу щихуэну, ди Къэбардей-Балъкъэрым и щIыхьыр иIэту илъэс куэдкIэ лэжьэну.

ЕМУЗ Анатолэ,
КъБР-м и лъэпкъ библиотекэм и унафэщI, филологие щIэныгъэхэм я доктор.

НэфI-ней зымыщIэ

Жэмал сэ щызэзгъэщIыхуар 90 гъэ гуащIэхэращ, ари Правительствэм и зэхуэсхэм язым. Ар республикэ щIыб Iуэхухэмрэ лъэпкъ зэпыщIэныгъэхэмкIэ министрым и япэ кьуэдзэт, сэ Шэм телэжьыхьынымкIэ къэрал комитетым сриунафэщIт. Лъагэу, бжьыфIэу, и нэ губзыгъэхэр кьыпхуэгуапэу - абы гу лъымытэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. Утыку кьыщихьэкIэ купщIэмрэ псалъэмрэ зэблэмыувыкIыу къэпсалъэф закъуэтIакъуэхэм ящыщт ар, кьыхилтхьэр зэрыпхигъэкIын жьакIуагъ хэлът.

Сигу кьинэжащ Осетие Ищхъэрэмрэ Ингушымрэ Iэуэльауэ гуэрхэр щыIаУ хабзэхъумэхэмрэ бронетранспортерхэмрэ ди гъусэу дызэрыкIауэ щытар. Абы щыгъуэм Жэмал утыку кьихьат Кавказым исыр дызэгурыIуэным нэхъ рэхьатыфI зэхущытыкIэ зэрыдмыхуэфынур жиIэу.

Жьыс1эну сыхуейщ ар цIыхушхуэу зэрыслъытэр. Сыт хуэдэ IэнатIэ пэрымыхьами, ар захуагъэм тет зэпытщ. Нэфl-ней зымыщIэ цIыху пэжщ. ДиIащ дэ зэман, ди зэхуэкум цIыхуэхэр кьыздагъэхьэу, ди адэ1эр дымыщIэжу дыкъагъэнэну щыхэта перестройкэм и илъэсхэр. Жэмал дэ псори дызэзыпх гъущI бгырыпхт абы щыгъэщи, лъэпкъэм я зэгурыIуэныгъэм и уэчыпу. Ноби апхуэдэ дыдэщ ар.

Абы хуэдэ цIыхуэхращ Урысейр Урысей зыщIыр. Ди жыгым хэт тхьэмпэ кьыпичыну хуэежьэми, Жэмал хуэдэ гуэр IущIэмэ, фIы зэрыщIымыхынур ирещIэж. Сэ сроГушхуэ ар сызэриныбжьэгъум. Сохъуэхъу и махуэшхуэмкIэ, унагъуэкIи лэжьыгъэкIи Тхьэм иригъэфIакIуэ.

КIЕВЦОВ Михаил,
мэкъумэш щIэныгъэхэм я кандидат, КъБР-мрэ РСФСР-мрэ щIыхь зиIэ я агроном.

Зэрыхабзэу... зэрымыщIэкIэ

УсакIуэ гуэрым зэрыжиIауэ, цIыхухэм я натlэ ит гъащIэ гъуэгур щызэблэкIынур пщIэнукъым. «ЗэрымыщIэкIэ»,-жиIэнущIзыгуэрым. Адрейм игукъэкIыжыникIи хъунщ зэрымыщIэкIэ кьэхъу псори хабзэ гуэрым зэрытетыр. Дауэ мыхъуми, лIэщIыгъуэ кIуам и 90 гъэхэм Жэмалрэ сэрэ ди гъуэгуэхэр зэхьихат. Аттаевыр я зэманым тырныауэдзэхэм ди гъащIэм Эльбрус районым и тхьэмадзу кьыхьыхат, сэ а район дыдэм хеящIэу сыщыIажьэрт.

Мыр и щхьэусыгъуэщ пхужьмыIэу, Къэзахъстаним и къэрал университетри тIуми зэуэ еджапIэ тхуэхъуат. Жэмал журналист къудамэр кьиухащ, сэ - юридическэр. КъызэрыщIэкIамкIэ, тIури балигъыпIэ дыщиувар зы кьалэт - фIы куэдкIэ дигу кьинэжа Алма-Атат. Дыщеджа пэшхэри дыщызекIуа уэрамхэри зэтехуэу кьыщыщIэкIым, дыззрызздзгуэшэн гукъэкIыжкэри куэду кьыкъэжащ. Сытым дежи дгъэщIагъуэрт дгъэунэхуа Iуэхугъуэ куэдкIэ ди гъащIэр зэрызэщхьыр.

Абы льандэрэ илъэс тIощIым щIигъу дэкIащ. Иджы си нэгу кьыскъущIэгъэхьэжьнукъым Жэмал сыхуэмызэнкIэ хъуну щытаУэ. Си гъащIэми, си унагъуэми ар быдэу хэпщIауэ дыкъыздокIуэкI.

Зыгуэрым и гугъу щащIкIэ, «щIэнгъуэазэм хуэдэщ и щIэныгъэр» хужаIэ хабзэщ. Жэмал теухуауэ тIэкIу нэхъыбэ скужьIэнущ: ар хуэдизыгъуэм хуэдэу кущ, лъэщщ, езыр гурыхуэщ, нэмысыфIэщ икIи гумащIэщ. УщыдэуэрщэркIэ зэманыр зэрыкIуэр пщIэркъым. И щIэныгъэкIэ, и зыIыгъыкIэкIэ апхуэдэу удэзыхьэхыфыр мащIэщ.

Хуэзэху зыгуэр кьыуегъащIэ. УщыбгъэдэкIыжкIэ, уи псэр зыгуэркIэ нэхъ бей зэрыхъуар зыхьыбощIэ. Зы зэхуэзи кьыткуихьакъым е псалъэ Iущ, е усэ сатыр, е гупсысэ куу гуэркIэ хэрщэрыр имыгъэщIэрэщIауэ.

Щытхъу и куэдми, Жэмал и махуэхэр уэфI зэпыту екIуэкIакъым. Ауэ и илъэс 70-м пщIэрэ щхьэрэ пылъу IоущIэ: гукъеуэншэу, и унагъэмрэ и гъащIэ гъусэ Кларэрэ кьыкъэуту. Зи Iуэху дэкI и бынхэу Iэхьымэд, Лейлэ, Асият сымэ и нэIэ ятету. Абыхэм кьащIэхъуэжа и куэдрылъху-пхъурылъхэм ящыгуфIыкIыну.

КъэувыIэ, зэман! Жэмал, сэ уи Iыхьлыхэм я гъусэу уи илъэс 80-ми, 90-ми, адрейхэми сыщыхъуэхъуэнущ!

Ди ныбжьэгъу къэзахъхэм зэрыжаIэщи, иджыпсту узэрефIакIуэр укъэзылъагъу псоми ягу техуэн Тхьэм ищI!

КУЧУКОВ Исхьэкъ,
хеящIэ.

ЩIэныгъэр зи гъуазэ

ЯпэдыдэАттаев Жэмал и гугъу кьыслхуэзыщIар Зумакулов Борисщ, зи Iэщ Iагъэм хуэIэижь цIыхущ, къэрал лэжьакIуэкIэ уеджэну хуэфащэщ жиIэу. Иджы, си насыпт къырихьэкIауэ, ар зи унафэщI «Заман» газетым илъэс 15 хъуауэ дыщызэдолажьэ.

Си дежкIэ, дауи, тынштэкъым зэуэ журналистикэм сыхэзэгъэну, сыту жыпIэмэ, «Заман»-м и пэ сыщылэжьа «Нюр», «Минги-Тау» журналхэри, телевидеэнэри, радиори нэгъуэщI зыгуэрт, зэIуплъэгъуэкIэ псори зэщхьэкIыпфIэщI щхьэкIэ. Електроуэ гугъуми, лэжьыгъэм хуэIэзэ нэхъыжьыфI кьыслщхьэщыту Iуэхущ Iэм сыпэрыхьат. Газетым уи гур кIэрыпщIэу Iэщ Iагъэм Iэзэ ужуэхъуэн папщIэ, зэпIэпIа-пхъэр мащIэтэкъым. А лъэныкъуэмкIэ газетым и тхьэмадзэм куэд кьыбгъэдэсхауэ жьзэлэ, сызригъэса псом пэкIуэ фIыщIэри сыт щыгъуи Жэмал сигу хуиIыныщ.

Сытым хуэдэу Iэкlуэлъакlуэу, нэгъэсыпауэ, узытхьэкъуу тхэрэ ар. Сытым хуэдэу акъылэгъу удэхъуу пхигъэкIыфрэ абы и гупсысэр, мыхьэнэ зиIэ гуэр утыку кьыщирихьэкIэ. Iуэхушхуи Iуэху цIыкIуи Жэмал щыжанщ, а дакъикъэм екIуэкIым и купщIэр нэсу кьиубыдыну иужь итщ, езыри щымыIэну, и ныбжьэгъуэхэри имыгъэблэрыгъыну хущIэкъуу.

Пхузбжьынукъым абы псалъэжьрэ псэлъафэу анэдэлъхубзэкIэ ищIэр. Сыт хуэдиз гупсысэ щхьэпэрэ псалъэ Iущрэ зэхьиуигъэхьфыну Жэмал Китайм, Алыджым, Урымым щыщ, е Европэм и Къэщ Iэрэщ Iэжьигъу лъэхъэнэм псэуа гупсысакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ кьащIэнауэ. Зэззэмызэ уэсыуIэбжь, апхуэдиз щIэныгъэ, пасэрейхэми, урысхэми, хамэ щIыналъэ тхакIуэхэми ейуэ зы цIыхущхьэм дауи ихуэрэ жыпIэу. Хэбгъэзыхьмэ, Аттаевым Пушкин Александр, Лермонтов Михаил, Есенин Сергей, Мечиев Кязим, Кулиев Кьайсин, КIыщокъуэ Алим сымэ хуэдэ усакIуэмхуэхэм ятехуаУэ спецкурсыфI иригъэкIыжкIыфынущ.

УрысыбзэкIи балъкъэрыбзэкIи кьыщыпсалъэкIэ, Жэмал кьедаIуэхэм я гулъытэр кьехьэху, жиIэр зыхуэгъэзам деж нос, ар езы псалъэми и гущIэ дыдэм кьызэрикIыр наIуэу. Лъэпкъ зэхущытыкIэм теухуами, Къэбардей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ анэдэлъхубзэр зэрыщагъэджэмрэ кьыхэжаныкIа цIыхуэхуэ гуэр ягъэльапIэми, апхуэдэщ.

Сытым хуэдэу гукъинэжт Жэмал Отаров Керим илъэсищэ щрикъум тыгъэ кьытхуищIа пшыхьыр. Усыгъэм и махуэшхуэу абы зэхиублам езыр и тхьэмадэ махуэу кьыщIэкIащ а пщыхьэщхьэм.

ЩIэныгъэкIэ гъуазэу слъытэ Аттаев Жэмал и илъэс 70-м узынщагъэрэ екъулIэныгъэрэ и куэду псэуну сехъуэхъуну, абы хуэзгъэфэща «Гухэщ Iэхэр фIыIуэхт!» усэм и сатырхэмкIэ сухуну сыхуейщ си псалъэр:

Гупсысэхэм къажьихьурэ Iэл хъуахэщ,
Хэт шыгъуэщ, хэт пщIэгъуэлIещ е къарапцIэщ.
Гукъеуэхэр я щIыбми, хуитныныгъэр
Шу гъусэ пэжщи, фыIукIуэт гухэщIхэр!

БЕППАЕВ Мутlалип,
Кашгарский Мэхьмуд и цIэр зезыхьэ Дунейпсо саугъэтым и лауреат.

«Горняцкая слава» газетым и редактор Аттаев Жэмал интервью кьыIех Социалист Лъжьыгъэм и ЛIыхъужь Моллаев Шарафутдин.

Аттаев Жэмал Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъ пэкIум къыщопсалъэ.
1965 гъэ.

● Псалъэ шэрыуэхэм къарыкІыр

Е мыхъу фІы хъужыркъым

Е махъшэ лІэнщ, е махъшахъуэ лІэнщ. «ЗэхъуэкІныгъэ гуэрхэр къэхъунщ» жыхуиІэщ. Я мурадыр зрагъэхъулІэн щхьэкІэ, тІэкІу зэІупльмэ, щытыкІэр нэхъ къезэгъ хъуху заІэжьэмэ, нэхъ яфІэтэмэму кьыщалъытэм деж, гушыІэ хуэдэу къапсэлъ хабзэщ.

Е мыхъу фІы хъужыркъым. ЦІыхум къехъулІа фІыр бэлыхьым е мыгурыхь гуэрым кьрикІуауэ щыщытым деж къапсэлъ хабзэщ.

Емынэм къелар хъумбылейм ехьыж. Гуэвэгъуэшхуэм, псэзэпылъхьэпІэм къелар мыхьэнэншэ гуэрым щихьыжым, щикІуэдыкІыжым деж къапсэлъ хабзэщ.

Ерэхъурэ хъунрэ щыІэу уи ней хъыщыхуэ. ЦІыхур щІыкІэ къешэкІыныр, гъэщхьэрыуэныр хьэл зыхуэхъуахэм ятеухуащ.

Ерыщыр щыту малІэ. «ЗигъэлІэнщ, ауэ и хьэлым, нэрыгъыу иубыдам пхутекІынкъым» жыхуиІэщ.

Жэм лъакъуэ шкІэ иукІрэ. «Ууейм дэнэ уихьыжьын - ууейм уи жагъуэ къищІыфынукъым» жыхуиІэщ.

Дзэр куэдрэ узмэ, Іуач. Сыт хуэдизу къомыхьэлъэкІми, зи мычэзууж псоми икІэщІыпІэкІэ кІэ етын хуейщ.

Дзыгъуибгъу зэдеІэмэ, кхъуей кІадащхьэ трач. Зэакъыпзэгъуу, зэдэууэ уздэлажьэмэ, куэд пхузэфІэкІынущ.

ЖэмтІушкІэщ. «ЛъэныкъуитІми Іыхьэ къахех» жыхуиІэщ.

Зэрыхъун хъури и нэр хъурей хъужащ. «И ныбжь нэсащ» жыхуиІэщ.

Зи щхьэ щымыІэм и шыдыр хьэм ешх. «И Іуэху къикІыркъым» жыхуиІэщ.

Зи Іыхьэ зыфІэмащІэм хьэм фешх. ЦІыхум къемэщІэкІым зыгуэр къыщыхэІэбэм е щыхэкІыжыпэм деж къапсэлъ хабзэщ.

ЩАУЭ Къэлидар.

● Хъуэхъу

Бадзэуэгъуэм и 27-м къыщалъхуа махуэр егъэлъапІэ Налшык къалэ щыпсэу Зыхьэ Софие Мухьтар и ихъум

Уи дунейр дахэрэ узыншагъэр уиІэу,
Уи уафэр къащхъуэрэ щІылъэр щхъуантІэу,
Іуащхьэмахуэ мылылъэ уардэм хуэдэу
Уи пщІэр лъагэрэ уи псэр кьабзэу,
Мэлычыпхъу и щІэблэу уІущу,
ГъащІэ дахэ Тхьэм къыпхуэпищэ.

Дэлъху

ГушыІэ

Сэ инженер ІэщІагъэ къэсхьауэ диплом къызатри фабрикэм лэжьакІуэ сагъэкІуащ.

- ЗэкІэ мис мыбдеж тІыс, пщащэ тхьэІуху! - къыщыгуфІыкІащ цехым и унафэщІыр, бжэ къуагъым хуэзгъэ стІол цІыкІум сыбгъэдишэри. - Нэхъ иужьыІуэкІэ уи Іуэхум зы унафэ гуэр тетщІыхьынщ.

Абгъэрынэ мыхъуа джэдкъуртым хуэдэу, бжэ къуагъым сыздыкъуэсым, цехым я зэхэтыкІэр сигу иримыхьу уужьащ. Хуежьэнтэжъэ: хэт къыкІэрыхуауэ къажІуэрт, хэт тутын Іугъуэр дригъэхуейуэ щыст, хэти къыІурыжу ефарэ зекІунтІриеу щІэтт.

ЯпэщІыкІэ сэ а псом гу лъызмытэ зысщІащ. АрцлъэкІэ зы махуэ гуэрым, зыкъызэкъуэсхри, цехым щекІуэкІ фІеягъэ къомыр унафэщІым хуэсІуэтащ.

- Уэ, тхьэІухуд нэ закъуэ, сэр нэхърэ ущынэхъ губзыгъэкІэ, ди къулыкъухэмкІэ дызэхъуэжьнщ! - унафэщІым нэщхъыцэу ІуигъэзыкІыжащ, хъуэрыбзэ къыскъуидзэри.

Абы и ужькІэ унафэщІым, щхьэусыгъуэ гуэрхэр къысхуищІри, нэгъуэщІ цех сигъэкІуэну хэтащ. Ауэ къехъуІакъым. Сэ си «абгъуэм» дагъэшинэу сист.

Арати, си «абгъуэм» сыкъынауэ сисщ. Соплъэ-содаІуэ. СиІуэхум зы унафэ гуэри тращІыхьыкъутэкъым.

Апхуэдэу екІуэкІыуэ, ди министрыр къытхуэжІуэну хъыбар зэхъзох. Зэхэсх къудейр щыгъэтауэ, зэрыфабрикэу зэхэзэжэ, бжьэцу зэрызохьэ. Хэт и пщІыхьэпІэ къыхэхуэнт а зэрызехьэм сэ си «абгъуэм» сыкъришыну? Ауэ сыкъришащ. Ари зэрыхъуар мыращ.

Министрыр къыщыщІыхьэм сэ абы зездзри ІэплІэ хуэсщІащ: «Дауэ ущыт си дэлъхуэхуэ?» - жысІэри.

Сэ си насыпт къжІуэгъуэ хъуагъэнти, псоми сыкъалъэгъуащ. ЗэІущІэр зэфІэкІыху, ди директорым и нэр къыстеубыдарэ къысхуэгуфІэжу щысащ.

Етуанэ махуэм езы директор дыдэм сриджащ.

- Мурат Мударович сыткІэ къыбгуихьэрэ, Мэзагъуэ? - жиІэри къыпхуэпщІащ.

- Си дэлъхущ! - жысІащ сэ, укІытафэ зытезгъауэри. - Абы и адэмрэ си анэмрэ зэдэлъхуэзэщыпхъущ.

- Ди напэр текІ пэтащ. Альандэм зыгуэр щхьэ жумыІарэ-тІэ, гъуамэ? - жи директорым, гъэфІагъыбзэ зыкъысхуищІауэ.

- Уэ тІэкІу лей уэтхащ, Мэзагъуэ, ауэ къытхуэбгъэгъунщ, - директорым и псалъэм аджІэ пещэ. - ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэхэм гъуэгу етын зэрыхуейм дыгъуасэ Мурат Мударович щытепсэльыхьым, ятІэ дыдэ сигу кьэкІар уэращ, Мэзагъуэ! Зумыусыгъуэджэу щытмэ, зэкІэ инженеру укъыщІэднэжынщ. Абы иужькІэ дымыгъегувэжу нэхъ къулыкъу тэмэмыІуэ уэттынщ.

Директорыр и псалъэм епщІыжакъым. Абы и ужькІэ, тІэкІу фІэкІа дэмыкІауэ, ди цехым и начальникыр трагъэкІри сэ абы и пІэм срагъэуващ. Ауэ мыбыи абгъуэрынэ сыщымыхъу щІыкІэ, аргуэру сыдраІэтэящ: фабрикэ псом и инженер нэхъыщхьэу сагъэуващ.

А къуальхъур зесхьэу, зы махуэ гуэрым директорым сриджащ.

- Уэри уэрыщыгъуаэщи, Мэзагъуэ ІэуІэдиновнэ, - кьригъэжащ директорым, и хьэм бажитІ зэуэ къиубыдам хуэдэу гуфІэжу, - сэ Мурат Мударович и заму сешэ. Сэ си пІэр уэ нэхъ зыхуэзгъэфащэ ди фабрикэ псом щысларгъуркъым. Уэ сыткІи укъокІ: уи щІалэгъуэщ, уи дахэгъуэщ, уи ІэщІагъэм ФІыуэ хыбощІыкІ, псом нэхъыщхьэхращи - уцІыхубзщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ди цІыхубзхэм гъуэгу щІагъуэ едмыту дащыпэрыуэ яджыри къохъу.

Сэ апхуэдизкІэ сыкъІытати, асыхьэту си нэкІуцхьыкІыр дэп жьэражъэ къэхъуащ. Ауэ, си насыпти, директорым, абы гу лъымытэу, адэкІи пищащ:

- Иджы унафэщІ лэжьакІуэхэр ІэІэткІэ зэрыхахым уэри ущыгъуазэу къыщІэкІынщ, Мэзагъуэ Іэуладиновнэ! Ауэ уэркІэ абы шынагъуэ лъэпкъ хэлъкъым. Сыщымыуэмэ, уэ упхыкІын хуейщ.

СыпхыкІащ. Директорым и шэнтиуэ щабэми ситІысхьащ. Ауэ абы и ужькІэ зы ильэси дэкІатэкъым министрыр нэхъыщхьэж ящІу замыр абы и пІэм щрагъэувам, сэри министрым и зам сыщащІам. Иджы езы министр дыдэм и пІэм соцхьэпэплъри сыщысщ.

ДУДАР Хьэутий.

● Хъыбар зиІэ псэлъафэхэр

ЛІам унафэ ищІыжыркъым

Къэзанокъуэ Жэбагъы щылпІэм и щхьэгъусэр бгъэдихьэри еупщІащ:

- Сэ дауэ сыпсэуну, сыт унафэу кьысхуэпщІрэ?

- Сэ уи унафэ сщІыну си Іуэху пхэлъыжькъым. ЛІам унафэ ищІыжыркъым. Уи унафэр фІыз хьэдагъэм щащІынщ, - кьыжриІащ, «узратыжьынур фІыз хьэдагъэм щыжаІэнщ» кьригъэкІыу.

Сыкъаплъэмэ, фэракъэ слъагъунур!

ЛІыжьыр и псэм еджэу тельт, и кІуэжьхэр кьеуэвэкІауэ щхьэщыт. ЛІыжьыр и кІуэхэм яхуэарэзытэкъым.

- Уэ, ди адэ, моуэ уи напІэ зэтехи, тІэкІу къаплъэт! - щыжраІэм:

- Сыкъаплъэмэ, фэ цІапІэ къомыракъэ слъагъунур! - жиІащ лІыжьым.

ТхьэмыщкІэр ди деж къэмыкІуэмэ, дэнэ кІуэн?

Увжьыкъуэ лІыжьым пхъурылъхум кьилъхужауэ зы Іыхьлы гуэр яшауэ иІэт. А лІыжьым фІэкІа абы ади, ани, Іыхьлы иІэтэкъым.

Дыщ пальэу иІэ лІыжьым деж пхъурылъхур зэгуэрым къэкІуэжащ.

- ГущІэнагуэ къокІуэж! - жраІащ лІыжьым.

- Сыт къэзыхужьыр, емынэм къихужьрэ? - жиІэу лІыжьым хъущІащ.

- Мати пхъуанти иту зэгъэпэщащэ гукІэ къашэж! - щыжраІэм:

- Фыжи, куэбжэр Іуфх, тхьэмыщкІэр ди деж къэмыкІуэмэ, дэнэ кІуэн? - жиІащ лІыжьым.

Уэ укъыщаша махуэр нэхъ гукъэутэгъуэшхуэт...

ЗэтІуанитІым я лІыр лІауэ ягъэйрт.

- Нобэрей махуэр сыту гукъэутэгъуэшхуэт! - гъэгъыурэ нэхъыщІэм щыжиІэм:

- Уэ укъыщаша махуэр нэхъ гукъэутэгъуэшхуэт нобэ нэхърэ, - жиІащ нэхъыжьым.

Кхъуейлъалъэ зыдэлъ хьэлывэ

Кхъуейлъалъэр лыхьэжым щабэу щІагъэкІ, абы джэдыкІэ уда, шатэ, шыгъу, джэдгъын, шыбжий плъыжь хьэжа, бурш, хъурей цІыкІуурэ зэпыгъэлъэлъа бжьын цІынэ халтхьэ. А псори фІыуэ зэІащІэри, щІыІапІэ ягъэув. ИтІанэ кІэртІоф зыдэлъ хьэлывэм ещхьу ящІ икІи яшх.

Халъхьэхэр: *Тхьэвым:* гуэдз хьэжыгъэу - г 900, псыуэ - г 360-рэ, пщагъэу - г 20, сэхуран дагъэу - г 20, шыгъуэ - г 10. *Хьэлывэм дэлъынур:* кхъуейлъалъэу - г 400, джэдкІэу - г 1, бжьын цІынэу - г 80, шатэу - г 100, шыгъуэу, шыбжийуэ, джэдгъыну, зэрагъэжьэн дагъэу - узыхуейм хуэдиз.

Хьэ хьэжыгъэм къыхэщІыкІа лэкъум

Хьэ хьэжыгъэ ухуэнщІам и кур къратхъури, абы пщагъэ, шыгъу, джэдыкІэ уда, сэхуран дагъэ зыхэгъэшыпсыхьа псы хуабэ иракІэри, тхьэвыр ялщ. Абы и щхьэм хьыдан трапхъуэри, сыхьэт 1,5 - 2-кІэ хуабапІэм ягъэув, къэтэджжьн щхьэкІэ.

Тхьэв тэджар дагъэ зыщцыхуа Іэнэм тралъхьэри, хупхъэкІэ яху. ЗэпэупщІ икІи ягъажьэ гуэдз хьэжыгъэкІэ пща лэкъымым хуэдэу. Яшх хуабэу, шатэ, шху, кьалмыкъ шей драф.

Халъхьэхэр: хьэ хьэжыгъэу - г 2000, псыуэ - г 700, джэдыкІэу - г 2, сэхуран дагъэу - г 50, пщагъэу - г 100, шыгъуу, зэрагъэжьэн дагъэу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхьжащ.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **3.** «Лъагъуныгъэр, си псэ, ар мы ... джэгу, дыкъыізэгъыгъапцІэу дыздумыгъэджэгу» - Тхьэбысым Умаррэ Гъубжокъуэ Лиуанрэ яуса уэрэд цІэрыІуэм щыщщ. **5.** ЦІыхуэхуцІэ е Къэрмокъуэ Мухьэмэд и роман. **8.** Хьэцэпцэ паупщІа, ямыІуэжауэ. **9.** Уафэ лъащІэм къыщыщызджэдыхь «бжьэхуц» гуартэ. **10.** Зи жылэхэр фІыцІэ хъурей цІыкІу хъу къэкІыгъэ: дохутырхэм - хущхъуэ, еІуящІэхэм - афиян къыхах. **13.** ПсыпцІэ кІуалэбзу пщэ кІыхь, лъакъуэ кІыхь. **14.** Бахъсэн районым ирубыдэ къуажэ. **15.** Унагъуэ псэущхьэ щхьэзэкІыфІэфІ. **18.** И чэзум къыщІамыча, пшхыж мыхъун нащэ. **19.** Гъуэгу дыздытетым, напІэзэпІэм ... къыкъуэуащ. **21.** ТхъуцІынэ щІэпхэм, ар къонэ. **24.** Къэбэрдей драмэ театрым и джэгуакІуэ Іэзэу щыта, Лениным и роль лыр зыгъэззэщІа, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист. **25.** Урысей Федерацэм и щыналъэ нэхъыщІэ дыдэ, курорт щІыпІэ. **28.** Автомашинэм, шыгум, лъакъуэрыгъажэм щыщ Іыхьэ. **30.** Зи щхьэм имыт, гупсысэшхуэ хэмыту Іуэху гуэрхэм хэпшахъуэ. **32.** Нэхъапэм адыгэм я унащхьэр зэрагъэбыдэу щыта. **33.** Псы фІей ина. **34.** Удз сыр лІэужьыгуэ: адыгэм яшх икІи хущхъуэгъуэу къагъэсбэп. **35.** Вакъэдыж Іэмэпсымэ. **38.** ГъущІхэкІ лъапІэ. **39.** ЕуэкІыпІэ. **41.** Адыгэ шхыныгуэ, хьэжыгъэм кьыхэщІыкІауэ. **42.** ТепІэнщІэлъын. **43.** ... кьесу уэзрысым уимыкІ.

Къехыу: **1.** Школым щадж предмет. **2.** Адыгэ бэнакІуэ, дуней псом и чемпион зыбжанэрэ хъуа, Лондон щекІуэкІа Олимп зэхъэзхуэхэм жэз медаль кьыщцІэзыхьа. **3.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ. **4.** Дэлъхум и щхьэгъусэ. **6.** НэгъуэщІым ... хуэпТІмэ, уэ езыр уихуэжынкІэ мэхъу. **7.** Удз тхьэмпэшхуэ. **11.** Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я щыналъэхэм щежэх псышхуэ. **12.** Си акъылыр зэтекІа цІыху. **16.** Пхъэщхьэмыщхьэ. **17.** Си фэм щыз, лышхуэ зытелъ. **20.** Хадэхэм ирагъэуевэ бзугъэщтэ. **22.** ЦІыхум я нэхъыбапІэр зыщышынэ хьэпщхупщ. **23.** Кьуацэчыцэ. **26.** ЕджакІуэхэм, художникхэм ар зэрахьэ хабзэщ иритхэу. **27.** Нарт лІыхъжь. **29.** Бдзэжьей зэрещэ. **30.** ЩІэжьей. **31.** КъурІэным и зы пычыгъуэ. **32.** ШкІэ мэжэлІам и ... макъ къэІуащ. **36.** Ди республикэм пэгъунэгъу лъэпкъ. **37.** ... и къуэ дзыгъуащэщ. **39.** ПхъащІэ Іэмэпсымэ. **40.** «Хьэнц, хьэнц, хьэнцигуащэ зыдошэрэ, ялыхь ... кьегъэщэщэх».

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Бадзэуэгъуэм и 19-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **1.** Кьауц. **3.** Бжэгъу. **6.** Ержьбл. **9.** Деур. **11.** Оман. **13.** Кумб. **14.** Гуащэнэ. **15.** Архъуанэ. **16.** Деж. **18.** Блыщхьэ. **21.** ПщамПІэ. **24.** Усэ. **25.** Тхъэрыкъуэ. **26.** Псы. **27.** Хьэкъырш. **28.** Псыкуэд. **29.** Пшэ. **30.** Алабгъуэ. **32.** Бжьэдыгъу. **37.** «Адэ». **39.** Щхьэл. **41.** Уэшх. **42.** Уардэ. **43.** ГупкІэ. **44.** Аркъэ.

Къехыу: **1.** Кьандзэгу. **2.** Уадэ. **4.** Жинт. **5.** Гъунапкъэ. **6.** Ер. **7.** Жумэ. **8.** Бо. **10.** Удын. **12.** Мыхъур. **17.** Елырыкъэш. **19.** ЛаскІэ. **20.** Хьэтыр. **22.** Щхьэпс. **23.** ПІастэ. **30.** Адэмыгу. **31.** Гъуанэ. **33.** Жьауэ. **34.** Гъуэрыгъуэ. **35.** Хьэдыр. **36.** ГущыкІ. **38.** Пхыр. **40.** Лу. **41.** Уэ.

● ЖыІэгъуэхэр

Псыхьэлъахуэ

Щхьэгъусэ, бын,
Ныбжьэгъу, мылку -
ИІащ ар Іумахуэ,
Арами, хъуащ псори
Фадэм и псыхьэлъахуэ.

ПцІыупс

И бзэгум илъым
Хуэдэщ лъахъэ -
ПцІы упсыным
Сыт щыгъуи елъахъэ.

ГъащІэ

Бын гуэвэгъуэм
КъанцІыкІу
ИщІащ нэхъри
ЦІыкІу.

ЦІыхубз мыхъумыщІэм

Дунейр хъункъым
ЗэІубз,
Тету уэ пхуэдэ
ЦІыхубз.

Сыт и мыхьэнэ?

Еуэ-еІэкІэ
Зэхуелъэфэс,
Апхуэдэурэ хъуащ
Езыр мылъхуэс.

ГущІэгъуншэ

Псори цІыхубзым
Къыпхуегъэгъу.
УепщІыжмэ, упэмыплъэ
ГущІэгъу.

КЪАРДЭН Мухьэмэд.
Бахъсэн щІыналъэ,
Ислъэмей къуажэ.

● Псалъэжьхэр

Акъылыр жьакІэм ежьэркъым

- ♦Акъыл зимыІэр тхьэмыщкІэщ.
- ♦Акъылыр жьакІэм ежьэркъым.
- ♦Банэр банэкІэ къыхахыж.
- ♦Бгъэплъыщэмэ, мывэри зэгуоуд.
- ♦Гукъеуэ зимыІэм пщІыхьэпІэфІ елъагъу.
- ♦Гурэ гурэ лъагъуэ зэхуаІэщ.
- ♦Дунейр зы цІыхум хухахакъым.

● Прозэу тха усэхэр

ЩуІэгъэфІ

- Ди жэмыжьыр бээрым схури сщэжащ.
- Тэмэму пщІащ: суэжьуат ар, бурей хъужу!
- Жэмыр сщэри, бжэн къэсщэхуащ.
- Ар сыту фІыт: бжэнышэ зыхэслъхьэ щымыІэу фІыуэ солъагъу!
- Бжэнри сщажащ...
- Ари хъарэзынэщ: бжэныр жыгым хуэлъэщ, Іэджэуи дигъэбэмпІэнут!
- Бжэным къыщІэкІамкІэ упщІэ пыІэ къэсщэхуащ.
- Мис ар псом нэхърэ нэхъыфІыжщ! Жэму хъуар сытым и уасэ, уи щхьэм фІэлъыну пыІэм елыгтауэ.
- СыкъыздэкІуэжьым, псы сефэн хъуащ. Зыщсэгъэзыхым, пыІэр сщхьэрыхури - макІуэ-мэльей, псым ихащ.
- ПыІэр ихьами, уи щхьэр псэууэ къэнакъэ! ПыІэу дунейм тетыр къраухьэкІ уи щхьэм! Уэ уузыншэу укъыщысхуэкІуэжакІэ, апхуэдэ гуфІэгъуэм лъыпэ къыхуигъэкІыпхъэкъэ, уэ уи сэр къэгъэхьэзыр, сэ сыкІэнщи адакъэжьыр къэзубыдынщ.

Сыт-тІэ уэ пщІэфыр?

ИлъэсипІм ит си хъыджэбз цІыкІур къызоупщІ:

- Папэ, уэ зэи угъыркъэ?
- Хьэуэ, - жызоІэ.
- ГъыкІи пщІэркъэ? - фІэгъэщІэгъуэну зэкІэлъегъэпІащІэ абы. - Ухуейми угъыфынукъэ?

«Хьэуэ» щыжысІэкІэ, сабийм хуабжьу сыфІэгуэныхь мэхъу.

- Сыт-тІэ уэ пщІэфыр? - къызоупщІ, нэщхъей къэхъуауэ.

КЪЭЖЭР Хьэмид.

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур бадзэуэгъуэм и 30-рщ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр
Хьэфыцэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэныдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэм я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Іуэхущ Іапі эхэм ядолжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэзкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі эм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщалэта Іуэхутыныгъэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм яку жуэп яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм макъуэуагъэуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору Щомахуэ Залинэ, корректорхэру Щоджэн Инна (1, 2 6, 7-нэ), Мырзэкан ФатІимэ (3, 4, 5, 8-нэ). *КомпьютерКІэ газетым и тепльэр ищІащ* Ныр Сандэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанпэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 3.002● Заказ №1475